O`zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’

Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati’ fakul`tetinin`
pitkeriwshisi **Sagi’ndi’ kova Jadra Shu`kiralievna**

Tema: **Qaraqalpaq tilinde kelbetlikler ha`m wolardi’ woqi’ti’w**

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Ilimiy basshi’: f.i.k. Yusupova B.

No`kis − 2015

Jaqlawg`a ruxsat berildi:

Fakul`tet dekani’: f.i.k. Ye.Allanazarov

Kafedra basli’g`i’: f.i.k. M.Qurbanov

Ilimiy basshi’: f.i.k. B.Yusupova

**Tema: Qaraqalpaq tilinde kelbetlikler ha`m wolardi’ woqi’ti’w**

**Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’n**

**wori’nlawshi’: Sag`i’ndi’qova Jadi’ra Shu`kiralievna**

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n` qarari’: **«Qaraqalpaq tilinde kelbetlikler ha`m wolardi’ woqi’ti’w»** degen temadag`i’ pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na «________ » bahasi’ qoyi’lsi’n.

MAK basli’g`i’______________________________

MAK ag`zalari’______________________________

**Joba:**

Kirisiw

*Kelbetlik haqqında tu'sinik*

*Qaraqalpaq til biliminde kelbetliklerdin` izertleniwi*

*Pitkeriw qa`nigelik jumi'si'ni'n` maqseti ha`m wazi'ypalari'*

I Bap Kelbetlik ha`m woni'n` leksika-grammatikali'q wo`zgeshelikleri

*1.1. Kelbetliktin` jasali'wi'*

*1.2. Kelbetliktin' ma'nilik tu'rleri*

*1.3. Kelbetliktin` da`rejeleri*

*1.4. Kelbetliktin` sintaksislik xi'zmetleri*

II Bap Kelbetlikti woqi'ti'w

*1.1. Kelbetliktin` jasali'wi'n woqi'ti'w*

*1.2. Kelbetliktin` da`rejelerin woqi'ti'w*

*1.3. Kelbetliktin` sintaksislik xi'zmetlerin woqi'ti'w*

Juwmaq

Paydalani'lg`an a`debiyatlar

## Jum i’st i’n` ul i’wma s i’patlamas i’

**Temani’n` aktual`li’g`i’:** Qaraqalpaq tili morfologiyasi’ni’n` ja`ne metodikasi’ni’n` a`hmiyetli temalari’ni’n` biri kelbetlik so`z shaqabi’ni’n` leksika-grammatikali’q wo`zgeshelikleri ha`m woqi’ti’w usi’llari’na tallaw jasawda ko`rinedi.

**Jumi’sti’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’:** Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` aldi’na qoyg`an tiykarg`i’ maqseti ha`m wazi’ypalari’ − kelbetliktin` leksika-grammatikalıq tu’rleri, kelbetliktin` da`rejeleri, kelbetliktin` jasali’wi’, kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri, kelbetlikti da`stu`riy usi’llar tiykari’nda woqi’ti’w, kelbetlikti jan`a pedtexnologiya usi’llari’ tiykari’nda woqi’ti’w usi’llari’n ani’qlaw ha`m wolarg`a tallaw jasaw.

**İzertlew ob`ekti ha`m predmeti:** Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` tiykarg`i’ izertlew ob`ekti qaraqalpaq tilinin` morfologiyasi’ ha`m metodikasi’, woni’n` predmeti si’pati’nda qaraqalpaq tilinde jari’q ko`rgen ko`rkem shi’g`armalar tilindegi kelbetlik so`zler ali’ndi’.

**İzertlew metodlari’ ha`m usi’llari’:** Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` izertlew metodlari’ si’pati’nda sinxronli’q baqlaw metod tan`lap ali’ndi’.

**İzertlew na`tiyjelerinin` a`meliy a`hmiyeti:** Jumi’s teoriyali’q ha`m a`meliy a`hmiyetke iye, qaraqalpaq tilinin` grammatikali’q quri’li’si’nda u`lken worni’ bar so`z shaqabi’ ha`m woni’ woqi’ti’w usi’llari’ qaraqalpaq tilinin` morfologiyasi’n u`yreniwde ha`m u`yretiwde za`ru`rli material boladi’.

**Jumi’sti’n` quri’li’si’ ha`m ta`rtibi:** Quri’li’si’ boyi’nsha kirisiw, yeki bap ha`m juwmaq ha`m paydalani’lg`an a`debiyatlar diziminen ibarat. Jumi’s ko`lemi boyi’nsha 75 bet.

**Wori’nlang`an miynettin` tiykarg`i’ na`tiyjeleri: Q**araqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler zatti’n` belgisin bildirip, ha`r qi’yli’ ma`nilik, jasali’w, da`reje

jasali’wi’, sintaksislik xi’zmetleri jag`i’nan wo`zine ta`n  wo`zgesheliklerine iye boli’p keledi.

**Juwmaq ha`m usi’ni’slardi’ qi’sqa uli’wmalasti’ri’wdi’n` na`tiyjeleri:** Kelbetlikler ko`rkem shi’g`armalarda ha`r qi’yli’ stil`lik maqsetlerde ko`rkemlew qurali’ si’pati’nda da wo`nimli qollani’ladi’. Bunda kelbetliktin` ma`nisi boyi’nsha tu`rleri, do`rendi kelbetlikler, da`reje kategoriyasi’, sintaksislik xi’zmetleri belgili wori’n tutadi’. Kelbetlikti woqi’ti’wdi’n` na`tiyjeli, jan`asha usi’llari’ ha`m wolardi’ pedagogikali’q sheberlik penen birlestirip paydalani’w woqi’wshi’ni’n` bul so`z shaqabi’n duri’s tu`siniwine, wo`zlestiriwine mu`mkinshilik beredi.

## Kirisiw

Qaraqalpaq tili ha`zirgi da`wirde wo`zinin` seslik du`zilisi, leksika-frazeologiyali’q wo`zgeshelikleri, morfologiyali’q quri’li’si’, sintaksislik ayri’qshali’qlari’ ha`m stil`lik sistemasi’ menen milliy til si’pati’nda tu`rkiy tiller arasi’nda belgili wori’n iyeleydi.

Qaraqalpaq tilinin` grammatikasi’ sinttaksis ha`m morfologiya si’yaqli’ u`lken yeki tarawdan turadi’. Qaraqalpaq tilinin` morfologiyasi’ tildin` grammatikali’q quri’li’si’ni’n` yen` u`lken bo`limi si’pati’nda so`z ha`m so`z formalari’n, so`zlerdin` so`z shaqaplari’na bo`liniwin, so`z shaqaplari’ni’n` morfologiyali’q kategoriyalari’n u`yrenedi.

So`z shaqapları degenimiz so`zlerdin` leksika-grammatikalıq toparları bolıp yesaplanadi’. Tilde bul toparlar bir-birinen bildiriletug`ın ma`nileri, ha`r birine ta`n bolg`an morfologiyalıq belgileri, grammatikalıq kategoriyaları, forma jasaw ha`m so`z jasaw tipleri, ga`ptegi atqaratug`i’n sintaksislik xızmetleri jag`ınan aji’ralıp turadı.

Tilde so`zler so`z shaqaplari’na bo`lingende belgili bir printsiplerge tiykarlanadi’. Bunda, tiykari’nan, u`sh printsip basshi’li’qqa ali’nadi’. Wolar semantikali’q, morfologiyali’q ha`m sintaksislik printsipler boli’p yesaplanadi’.

So`zdin` semantikali’q ma`nisi degenimiz, bul ha`r bir so`zdin` tek g`ana an`latatug`i’n jeke leksikali’q ma`nisi boli’p qalmastan, sol belgili bir kategoriyadag`i’ so`zlerdin` ba`rine de wortaq bolg`an kategoriyali’q ma`nisi boli’p yesaplanadi’. Kelbetliktin` kategoriyali’q ma`nisi zatti’n`, na`rsenin` belgisin an`lati’wi’ boladi’.

Demek, belgi (sapa) ma`nisi − kelbetliktin` tiykarg`i’ kategoriyali’q ma`nisi. Solay yetip, semantikali’q pirintsip degende zatti’n` uli’wma kategoriyali’q belgi ma`nisi tu`siniledi. Usi’ belgi (sapa) ma`nisin bildiretug`i’n so`zler kelbetlik boli’p yesaplanadi’.

Morfologiyali’q printsip arqali’ so`zdin` si’rtqi’ morfologiyali’q formasi’, woni’n` so`z jasaw ha`m forma jasaw model`leri, so`z o`zgeriw sistemasi’ yamasa basqasha qi’li’p aytqanda, belgili bir so`z shaqabi’na kiretug`i’n so`zdin` morfologiyali’q wo`zgeshelikleri tu`sinedi. Morfologiyali’q printsip boyi’nsha

kelbetliktin` da`reje kategoriyasi'na iye boli'wi', wo`zinin` arnawli' so`z jasawshi' qosi'mtalari'ni'n` bar yekenligi, tu`siniledi.

So`zlerdi so`z shaqaplari'na toparlasti'ri'wda woni'n` belgili bir sintaksislik wo`zgeshelikleri yamasa wolardi'n` basqa so`zler menen dizbeklesiw uqi'pli'li'g`i', belgili bir ga`p ag`zasi'ni'n` xi'zmetin atqari'wi' tu`siniledi. Sintaksislik printsip boyi'nsha kelbetlik so`z dizbeklerinin` qurami'nda keledi, so`z dizbeginin` bas komponenti de, bag`i'ndi'ri'wi'shi' komponenti de boladi', ga`p ag`zalari'ni'n` xi'zmetlerin atqaradi'. Ko`binese, ani'qlawi'sh, pi'si'qlawi'sh xi'zmetinde, substantivleskende baslawi'sh, toli'qlawi'sh ha`m basqa da ag`zalardi'n` xi'zmetlerinde keliwi tu`siniledi.

## Kelbetlik haqqında tu'sinik

Qaraqalpaq tilindegi ma`nili so`z shaqaplari'ni'n` biri kelbetlik boli'p yesaplanadi'**.** Wol zatlardın' sının, sıpatın, qa'siyetin, ko'lemin, salmag'ın, tu'r-tu'sin t.b. belgilerin bildiretug'ın so'z shaqabı bolıp tabıladı. Kelbetlik qanday? qaysı? sorawlarına juwap berip keledi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik leksika-grammatikali'q wo`zgeshelikleri menen aji'rali'p turadi'. Wol morfologiyalıq sıpatı jag'ınan so'z o'zgertiwshi affiksler menen o'zgermeytug`i'n so`z shaqaplari'ni'n` topari'na kiredi.

Kelbetlik sintaksislik xi'zmetleri menen de o`zgeshelenip turadi'. Wol o`zi anıqlaytug'ın atlıq so'zler menen jupkerlesiw usılında baylanısadı ha`m jupkerlesiwshi ani'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mi'sali': ko`k aspan, qi'zi'l gu`l, ken` dala, biyik jay ha`m t.b.

Atawi'sh so`z shaqaplari'ni'n` biri bolg`an kelbetlik da'reje kategoriyasına iye.

Sonday-aq, kelbetliktin` basqa so'z shaqaplarınan tiykarg`i' ayırmashılıqlarının' biri wonın' intensiv formalarg`a iye boli'p keliwi yesaplanadi'. Mi'sali': kip-kishkene, sap-sari', bip-biyik, tap-taza, bip-biyik ha`m t.b.

## Qaraqalpaq til biliminde kelbetliklerdin` izertleniwi

Qaraqalpaq til biliminde morfologiya tarawi'na qatnasli' bir qansha ma`seleler izertlengen bolsa da, kelbetlikler ha`zirge shekem arnawli' izertlew ob`ekti bolmay kiyati'rg`an ma`selelerdin` biri boli'p yesaplanadi'. Degen menen, wolar bir tutas tu`rinde ali'p izertlenbegen bolsa da, kelbetliklerdin` ayi'ri'm ta`repleri wo`z aldi'na so`z etilip, tallaw jasalg`an miynetler bar.

Izertlewshiler kelbetliktin` substantivlesiwi, jasali'wi', da`rejeleri ha`m t.b. wo`zgeshelikleri boyi'nsha pikir bildiredi, woni'n` ko`rkem-su`wretlewshilik xi'zmetlerin joqari' bahalaydi'. Kelbetliktin` stilistikasi' qaraqalpaq til biliminde arnawli' izertlenbegen ma`selelerdin` biri. Kelbetliktin` ko`rkem shi'g`armada su`wretlew qurali' si'pati'ndag`i' xi'zmetleri, kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar ha`m da`reje formalari'ni'n` sinonimiyasi' A.Bekbergenov ta`repinen so`z yetildi. Ilimpaz kelbetliktin` ko`rkem a`debiyat stilindegi xi'zmetin bi'lay ko`rsetedi: «Kelbetlik zatti'n` sapasi'n, qa`siyetin, ko`lemin, kelbetin t.b. belgilerin bildiretug`i'n bolg`anli'qtan, tildegi ko`rkemlew qurallari' (epitet, ten`ew ha`m t.b.) si'pati'nda u`lken rol` atqaradi'»[1].

So`z shaqaplari'ni'n` ishinde kelbetlik so`zler poeziyali'q shi'g`armalardi'n` tilinde troplar xi'zmetinde wo`nimli jumsaladi'. obrazli'li'q mu`mkinshilikleri, ko`rkem su`wretlewshilik imkaniyatlari' menen belgili. Sonli'qtan, E.Berdimuratov: «Kelbetlik so`zler troplar do`retiwge beyim, logikali'q mazmung`a tu`rlishe qosi'msha ma`nilik boyaw beredi. Sonli'qtan, wolar tildegi ko`rkemlew qurallari' xi'zmetinde ko`birek jumsaladi'»[2] dep ko`rsetedi.

Kelbetliktin` substantivlesiw jag`daylari', substantivlesken kelbetliklerdin` so`z jasaw tipleri ha`m wolardi'n` so`z jasaw da`rejeleri A.Aymurzaeva ta`repinen izertlendi.[3]

Qospa kelbetlikler − sostavli', jup, birikken, ta`kirar kelbetlikler A.Bekbergenovti'n` miynetinde so`z yetildi.[4]

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, 1990, 2-б.
[2] Бердимуратов Е., Даўлетов А. Қарақалпақ тили. 10-11-класслар ушын сабақлық. Нөкис, 113-б.
[3] Аймурзаева Ә. Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм келбет фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992, 18-29-бетлер.

Joqari’ oqi’w ori’nlari’na arnalg`an miynetlerde kelbetlikler, wolardi’n` ma`nilik tu`rleri, jasali’wi’, da`rejeleri, sintaksislik xi’zmetleri so`z yetildi.[5]

Kelbetlikler I.Yusupov shi’g`armalari’ tilinde do`rendi atawi’shlardi’n` biri si’pati’nda G.Ma`mbetnazarova ta`repinen u`yrenildi.[6]

B.Yusupova I.Yusupov shi’g`armalari’ tilinde kelbetliklerdin` stil`lik qollani’li’w wo`zgesheliklerin izertledi, kandidatli’q jumi’si’n jaqladi’ ha`m woni’n` materiallari’n baspadan shi’g`ardi’.[7]

Demek, kelbetlik ha`m wog`an ta`n wo`zgeshelikler usi’ miynetlerde ha`m basqa da ayi’ri’m maqalalarda so`z yetildi. Kelbetlik so`zler yele de arnawli’ izertleniliwi za`ru`r.

## Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’ni’n` maqseti ha`m wazi’ypalari’

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zdi’n` tiykarg`i’ maqseti qaraqalpaq tilindegi atawi’sh so`z shaqaplari’ni’n` biri yesaplang`an kelbetlik so`zlerge tallaw jasaw ha`m woni’ woqi’ti’w usi’llari’n ko`rsetiw. Buni’n` ushi’n biz to`mendegi ma`selelerdi jumi’sti’n` aldi’nda turg`an wazi’ypalar si’pati’nda belgiledik:

− kelbetliktin` leksika-grammatikalıq tu’rleri

− kelbetliktin` da`rejeleri

− kelbetliktin` jasali’wi’

− kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri

− kelbetlikti da`stu`riy usi’llar tiykari’nda woqi’ti’w

− kelbetlikti jan`a pedtexnologiya usi’llari’ tiykari’nda woqi’ti’w usi’llari’n ani’qlaw ha`m tallaw jasaw

Pitkeriw qa`nigelik jumi’si’nda qaraqalpaq ko`rkem so`z sheberleri Berdaq G`arg`abay uli’, I.Yusupov, T.Qayi’pbergenov, Ye.Wo`tepbergenov,

---

[4] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

[5] Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1974.; Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1981.; Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994.; Da`wletov A., Da`wletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a’debiy tili. Morfemika. Morfonologiya. So`z jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. No`kis, 2010.

[6] Мәмбетназарова Г. І.Юсупов қосі’қларі’нда дөренді атаўі’шларді’ң стільлік қоллані’лі’ўі’. Нөкіс, 1994.

[7] Юсупова Б. І.Юсупов ші’ғармаларі’ тілінде келбетліктің стільлік хі’зметлері. Ташкент, «Тафаккур қаноті», 2014.

A`.Ta`jimuratov, M.Ni'zanov, Sh.Seyitov, J.A`bdimuratov, J.Serjanov, T.Ma`tmuratov, G.Tursi'nova ha`m t.b. shi'g`armalari'nan, naqi'l-maqallardan paydalani'ldi'.

## I Bap Kelbetlik ha`m woni'n` leksika-grammatikali'q wo`zgeshelikleri

Kelbetlikler belgi ma`nisin bildiretug`i'n so`zler si'pati'nda wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen aji'rali'p turadi'. So`z jasali'wi' ko`z-qarasi'nan ali'p qarag`anda kelbetliktin` jasali'wi' wo`zine ta`n so`z jasawshi' qosi'mtalari'ni'n` bar yekenligi menen wo`zgeshelenedi. Kelbetliktin' ma'nilik tu'rleri belginin` ha`r

qi’yli’ na`rselerge, zatlarg`a ta`n si’patlardan kelip shi’g`atug`i’ni’n ko`rsetedi. Kelbetliktin` da`rejeleri bir na`rsedegi, zattag`i’ belginin` yekinshi bir zattag`i’ belgige sali’sti’rg`anda arti’q yamasa kem da`rejede yekenin bildiredi.Kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri woni’n` ga`pte atqaratug`i’n xi’zmetleri menen belgilenedi. Uli’wma, kelbetliktin` usi’nday ayri’qshali’qlari’na biz pitkeriw qa`nigelik jumi’si’mi’zda wo`z aldi’na bo`lek toqtap wo`tpekshimiz.

## 1.1. Kelbetliktin` jasali’wi’

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler ha`r qi’yli’ sapani’, belgini bildiretug`i’n bolg`anli’qtan tilde wo`nimli jumsaladi’. Kelbetlik so`zler tildin` barli’q tu`rdegi qari’m-qatnas formalari’nda jiyi paydalani’la beredi. Wolar zatti’n`, qubi’li’sti’n`, waqi’yani’n` qanday da bir belgisin bildirip keledi. Mi’sali’: Bunnan keyin qazanxana ta`reptegi at jekken basti’rmali’ arbag`a, altaxtada qaqayi’p turg`an **ala taqi’yali’** adamg`a, **qi’zi’l** kiyip, **aq** jami’lg`an hayallarg`a ha`m tag`i’nshaqlar taqqan, hasi’l kiyim kiygen yeki qi’zg`a ko`zi tu`sti. (A`.Ta`jimuratov) Wolardi’n` barli’g`i’ basqa hayallar qatari’ gu`bi pisip, ayran atlap alg`an qari’n-qari’n **aq** maylari’n ha`r kim o`zi ku`ydirip shi’n **sari’**may yetip, mayqabaqlarg`a quyi’p beredi. (A`.Ta`jimuratov) Sonli’qtan iyshang`a hayallar shi’n kewilden berilip xi’zmet yetkendi, **taza** ju`rgendi **biyik** ma`rtebe ko`redi. (A`.Ta`jimuratov) Ha`mme, a`sirese, hayallar **kishkene** g`ana «Qurama» awi’li’ni’n` bir ba`lege ushi’ramay aspan asti’nda aman turg`ani’, woni’n` adamlari’n **na`ha`n** jayi’n qusag`an bir pa`leket awzi’n ashi’p juti’p jibermey aman-esen ayaq basi’p tirishilik etip ju`rgeni, ba`ri iyshanni’n` sharapati’nan, wo`mir tirishiligimiz sol kisinin` qoli’nda dep tu`sinedi. (A`.Ta`jimuratov) Ji’nayatshi’lar haqqi’ndag`i’ tergew materiallari’n **teren`** u`yrenip **aqti’ aq, qarani’ qara** dep ko`rsetiw ma`sla`ha`tshilerdin` juwapkerli wazi’ypasi’. (J.Serjanov)

Wolar ko`rkem a`debiyatta shi’g`arma qaharmanlari’n, personajlardi’, basqa da qus, haywan, wo`simlikler du`n`yasi’n si’patlawda da wo`nimli paydalani’ladi’. Mi’sali’:

**Tapal, worta boyli’, ken` jawi’ri’n, palwan deneli, at jaqli’, qali’n` qara** murti’ni’n` ushlari’ yeki jaqqa ha`rriyip turg`an Izban aybatli’ kisi yedi. (A`.Ta`jimuratov) Aldi’nda **shoqtay** qi’zarg`an **ko`zli** temir ti’rnaq **qi’li’shtay** azi’w **tisli** ba`le turg`ani’n at biyshara bilse de, pishen da`stelerin shashi’p, pi’shi’rlati’p belinen basi’p ko`zleri alaqlap qamshi’ menen tepkige shi’damay taysalaqlap jortaqlap alg`a umti’ldi’. (A`.Ta`jimuratov)

Qaraqalpaq tilinde kelbetlikler tu`bir ha`m do`rendi so`z tu`rinde keledi. Do`rendi kelbetlikler de basqa do`rendi so`zler si’yaqli’ bir neshe usi’llar arqali’ jasaladi’. Kelbetliklerdin` jasali’wi’nda so`z jasawshi’ usi’llar ha`r qi’yli’ da`rejede qatnasadi’. Wolar to`mendegi usi’llar arqali’ jasaladi’:

1. Affiksatsiya usi’li’. Kelbetlikler affiksatsiya usi’li’ arqali’ jasalg`anda, tiykari’nan, so`z jasawshi’ qosi’mtalar arqali’ jan`a ma`nidegi kelbetlik so`zler jasaladi’.

2. So`z qosi’li’w usi’li’. Bunda bir so`z benen yekinshi so`zdin` qosi’li’si’wi’nan do`rendi kelbetlikler jasaladi’.

3. Leksika-semantikali’q usi’l. Bul usi’l menen jasalg`an kelbetliklerdi ad`ektivatsiya usi’li’ arqali’ jasalg`an kelbetlikler dep te ataydi’.

## 1. Kelbetliktin` affiksatsiya usi’li’ arqali’ jasali’wi’

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler affiksatsiya usi’li’ arqali’ jasalg`anda yeki tu`rli wo`zgeshelikke iye boladi’ yag`ni’y wolar to`mendegi so`z shaqaplari’nan jasaladi’: 1. Kelbetlikler atawi’sh so`zlerden jasaladi’.

2. Kelbetlikler feyil so`zlerden jasaladi’.

### 1. Atawi’sh so`zlerden jasalg`an kelbetlikler

Affiksatsiya usi’li’ menen atawi’sh so`zlerden jasalg`an kelbetlikler atawi’sh tiykarli’ kelbetlikler dep ataladi’. Atawi’sh tiykarli’ kelbetlikler to`mendegi qosi’mtalar arqali’ jasaladi’:

**1. -Li’/-li qosi’mtasi’.** Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` jasali’wi’nda bul qosi’mta wo`nimli xi’zmet atqaradi’. Wolar atawi’sh so`zlerden ha`m feyil so`zlerden kelbetlik jasawda ju`da` wo`nimli paydalani’ladi’, atli’q so`zlerge jalg`ani’p keledi ha`m to`mendegi ma`nilerdi bildiredi:

Zatta qanday da bir belginin` bar yekenin bildiredi. Mi’sali’:

Baspashi’ topi’li’p, qoli’na ilingenin tarti’p ali’p ketkennen beri ko`pshilik awi’l adamlari’ iyshang`a **g`a`rezli** boli’p qalg`an yedi. (A`.Ta`jimuratov) Izbanni’n` ala ko`zleri si’ni’qshi’ ta`wip-babag`a **jali’ni’shli’** qaradi’. (A`.Ta`jimuratov) Adamlar bul iyshani’mi’zdi’n` a`kesi marhum, so`zimin awi’r bolmasi’n, Ziywatdin iyshandi’ da **ka`ramatli’** deytug`i’n yedi. (A`.Ta`jimuratov)

Biraq, y**eki qanatli’** hawa sun`qari’ mi’n`q yetpedi (M.Tawmuratov).

− Mi’rzani’n` bul aytqani’nan keyin o`z **payli’** so`zin aytqi’si’ kelip I’rza da so`yledi. (A`.Ta`jimuratov)

− Hapli’qpa suwpi’, wo`zin`e kelip al, **sabi’rli’, salmaqli’** bol. (A`.Ta`jimuratov) Wolar at u`sti bolsa da bas iyip, **mun`li’** tu`rde su`zilisip qaradi’ ha`m teren` nala shegip u`hledi. (A`.Ta`jimuratov)

Keltirilgen mi’sallardag`i’ **g`a`rezli, jali’ni’shli’, ka`ramatli’,** y**eki qanatli’, payli’, sabi’rli’, salmaqli’, mun`li’** kelbetlikleri ha`r qi’yli’ ma`nilerdi bildiretug`i’n atawi’sh so`zlerden -li’/-li qosi’mtasi’ arqali’ jasalg`an do`rendi kelbetlikler boli’p yesaplanadi’. Bul qosi’mta arqali’ tilde do`rendi kelbetlikler ko`plep jasaladi’.

**- Si’z/-siz qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta da -li’/-li qosi’mtasi’ si’yaqli’ wo`nimli qosi’mtalardi’n` qatari’na kiredi ha`m usi’ qosi’mtag`a qarama-qarsi’ ma`ni bildirip keledi. - Si’z/-siz qosi’mtasi’ zatta qanday da bir belginin`, sapani’n` joq yekenin bildiredi. Mi’sali’:

Bu`gin azanda woni’n` at shapqi’lap kelip «hey baba iyshang`a xi’zmet etpesen` **iymansi’z** bolasan`, ku`shin` g`ayrati’n` mol, pishen woraqqa bar», − degenin «ha` qi’zi’mdi’ kim bag`adi’, sen bag`asan` ba?» dep wog`an juwap qaytarg`ani’n yesine de keltirmedi. (A`.Ta`jimuratov) «Shaytan g`ana **u`mitsiz** boladi’» degendey bular da tap ha`zir samolet wo`z-o`zinen gu`rr etip ushi’p

ketetug`i'nday qaralay wo`ship samoletti ari'-beri iytere beredi, iytere beredi … (M.Tawmuratov) Bolmasa Murat **jo`nsiz** bala yemes. (A`.Ta`jimuratov) Wolar yeki hayaldi'n` betlerine jaltaqlap qarap, nan jegisi kelip turg`anlari'n **u`nsiz** ug`i'ndi'rdi'. (A`.Ta`jimuratov) Sonda men sebepli barli'q u`rim-putaqlari'm **jazi'qsi'zdan** ja`bir shegedi degeni boladi'. (M.Ni'zanov) **Ilajsi'zdan** qa`terege adam jumsaydi', kewillerin tabi'wdi'n` jollari'n izlestiredi. (J.Serjanov)

Berilgen mi'sallardag`i' **iymansi'z, u`mitsiz, jo`nsiz, u`nsiz, jazi'qsi'zdan, ilajsi'zdan** do`rendi kelbetlikleri ha`r qi'yli' ma`nilerdi bildiretug`i'n atawi'sh so`zlerden -si'z/-si'z qosi'mtasi' qosi'li'wi' arqali' jasalg`an kelbetlikler boli'p tabi'ladi'. Bul qosi'mta arqali' da tilde do`rendi kelbetlikler o`nimli jasaladi'. Son`g`i' yeki mi'saldag`i' **jazi'qsi'zdan, ilajsi'zdan** do`rendi kelbetlikleri jazi'q ha`m ilaj atli'qlari'na - si'z kelbetlik jasawshi' qosi'mtasi' qosi'li'wi'nan jasali'p, ol shi'g`i's sepliginin` qosi'mtasi'n qabi'l etip kelgen.

**- Li'q/-lik qosi'mtasi'.** Bul qosi'mta atli'qlarg`a jalg`anadi' ha`m belgili bir jerge, zatqa, wori'nga tiyisli bolg`an belgini bildirip keletug`i'n do`rendi kelbetlik so`zlerdi jasaydi'. Mi'sali':

Meshitte pisken shu`len qazannan **tu`slik** awqat ko`l boyi'na ali'p bari'ladi'. (A`.Ta`jimuratov) Bayag`i' jetpis kiloni' ko`teredi degen kegirdek, alpi's eki **kiloli'q** A`shirbaydi' ko`tere almay, bir gu`nasi'z biysharani' shi'ri'ldi'wg`a qaldi'rdi'. (M.Ni'zanov) Basli'q aytsa ne turi's, bo`lim basli'qlari'n, kadrlar bo`limin, bas buxgalterdi telefonnan tawi'p, **bir ku`nlik** awqati' menen barli'q xi'zmetkerlerdi azang`i' segizge ken`sege ji'ynawg`a tapsi'rma berdim. (J.Serjanov) − Da`liyl sol – Esbergen ag`a waqi'tsha zampredliginen paydalani'p ne ushi'n paxtag`a tiyisli bes gektar jerdi wo`z brigadasi'nan uluwma kolxozdi'n` emes, ala bile «Bessari'» qi'shlag`i'ni'n` **ortali'q** mu`lki dep ektirgen. (Sh.Seyitov)

Bul mi'sallardag`i' **tu`slik** (awqat), alpi's eki **kiloli'q (**A`shirbay), **bir ku`nlik (**awqat), **ortali'q** (mu`lk) kelbetlikleri ko`rsetilgen qosi'mta arqali' atli'q ha`m ra`wish so`zlerden jasalg`an. Wolar sol ani'qlap kelgen na`rsege tiyislilik belgisin bildiredi.

**- Tay/-tey, - day/-dey qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta da -li’/-li, - si’z/-siz qosi’mtalari’ si’yaqli’ wo`nimli qosi’mtalar boli’p esaplanadi’. Qaraqalpaq tilindegi ten`ewler ha`m wolardi’n` leksika-grammatikali’q wo`zgesheliklerin izertlegen ilimpaz P.Najimovti’n` miynetinde -day/-dey qosi’mtalari’ni’n` ha`r qi’yli’ wo`zgeshelikleri ashi’p beriledi. Bunday kelbetlikler sali’sti’ri’w ma`nilerin bildirip keledi. **Mi’sali’:**

Bul waqi’tta Biybigu`l ko`l yetegindegi mayda siyrek uri’qli’qti’ pi’shi’rlati’p basi’p, **qustay** ushi’p juwi’ri’p kiyati’rg`an yedi. (A`.Ta`jimuratov) Murat bunnan Biybigu`ldin` kelip jetkenin bildi ha`m tarti’li’p o`tken qamshi’ni’n` **za`ha`rdey** jan awi’rti’wi’nan sa`l g`ana basi’ aylani’p, qaytadan wo`zin ji’ynap Izbang`a topi’li’sqa wo`tti. (A`.Ta`jimuratov) Ju`zleri ba`ha`r **pasli’nday** gu`l-gu`l jaynap tur. (A`.Ta`jimuratov) Aq **marjanday** dizilgen tislerin ko`rsetip i’rjayi’p ku`ledi. (A`.Ta`jimuratov) Oni’ at u`stinen jerge ali’p uri’p, **qi’li’shtay** o`tkir, **qanjarday** ushli’ tisleri menen qi’l moyi’ng`a awi’z sali’p gegirdegin, wo`n`eshin qi’yi’p-qi’yi’p jiberip, shaynap tasladi’. (A`.Ta`jimuratov) Woni’n` yesesine hayaldi’n` qabag`i’ **mushtay** boldi’. (M.Ni’zanov) **Buri’ng`i’day** yemessen`, shu`kir, jag`an` bos, denin` saw! (Sh.Seyitov)

Mi’sallardag`i’ **qustay, za`ha`rdey, (**ba`ha`r) **pasli’nday, marjanday, qi’li’shtay, qanjarday, mushtay, buri’ng`i’day** do`rendi kelbetlikleri atawi’sh so`zlerge jalg`ani’p, ten`ew, sali’sti’ri’w ma`nilerin bildiredi. Bul do`rendi kelbetlikler ko`rkem shi’g`armalarda ko`rkemlew qurallari’n jasaw ushi’n wo`nimli qollani’ladi’.

**-Qar/-ker/-ker qosi’mtasi’.** Bul qosi’mtalar atli’qlarg`a jalg`ani’p kelip zatti’n`, bir na`rsenin` qanday da bir belgisin, qa`siyetin bildirip keledi. Ko`pshilik jag`daylarda ka`sibin, ka`rin, talabi’n, sonday-aq, sapali’q qa`siyetti bildiredi. Mi’sali’:

**Qi’lmi’sker** bayg`us, islegen ayi’bi’n moyni’na kiymeshektey kiyip-aq tur. (M.Ni’zanov) Biraq, bir jeri bar, ne ushi’n bul jerde tiykarg`i’ **ayi’pkerler** jazadan aman qaladi’? (M.Ni’zanov)

Bul mi'salda q**i'lmi'sker, ayi'pker** do`rendi kelbetlikleri qi'lmi's ha`m ayi'p atli'q so`zlerine -ker qosi'mtasi'ni'n` qosi'li'wi' arqali' jasalg`an. Do`rendi kelbetlikler substantivlesip qollani'li'p tur.

**- G`i'/-gi, -qi'/-ki qosi'mtalari'.** Bul qosi'mtalar da wo`zine ta`n ma`nilik wo`zgesheliklerge iye. Bul wolardi'n`, ko`binese, wori'n ha`m waqi't ma`nili so`zlerge jalg`ani'p keliwinen ko`rinedi. Mi'sali':

Azi'raqtan son` samolet **qula du`zdegi** taqi'r maydang`a awdan`lap qondi'. (M.Tawmuratov) Qa`ne, wonda **ku`ni menengi** ayti'li'p ati'rg`an tilekler wori'nlana bersin, − dep Baltabay iship jiberdi. (M.Tawmuratov) Won adamnan jalg`i'z Nag`met g`ana **son`g`i'** ku`shlerin ji'ynap do`gerektin` qumlari'n ala shan`g`i't qi'li'p shuwlap ati'rg`an vertoletke qarap ga` su`rnigip, ga` turi'p juwi'rar edi … (M.Tawmuratov) Yendi alla insap berip, **yerten`gi** qabi'llawda ha`kim buni'n` kewlinen shi'g`a g`oysa ne jaqsi'. (M.Ni'zanov) Marat: «qi'zlardan bir ni'shan tabi'la qoyarma, a`lle, a`keleri izlep hesh na`rse taba almadi', awi'ldi'n` tusi'nan **shetirektegi** da`r`ya boyi'n, sho`plik ishin, ishki jag`ani', suwdi'n` la`bin qarayi'nshi'» degen woyi'n iske asi'ra almadi'. (A`.Ta`jimuratov) Tan` saz beriwden qon`si'lardi' woyati'p telefonlari'n si'ndi'ra basladi', son` **ken`sedegilerdi** … (M.Ni'zanov) Qullasi', ku`n yen`keygende **kewlindegisin** ayti'p ti'ndi'. (M.Ni'zanov) Pay, pay nesin soraysan`, inim, mi'na **qi'sqi'** suw degen ba`le qurti'p ketti g`o. (M.Ni'zanov)

Berilgen mi'sallardag`i' **qula du`zdegi, ku`ni menengi, son`g`i', yerten`gi, shetirektegi. ken`sedegilerdi, kewlindegisin, qi'sqi'** do`rendi kelbetlikleri ha`r qi'yli' wo`zgeshelikler menen si'patlanadi'. Wolar frazeologiyali'q so`z dizbeginen, tirkewishli kelgen dizbekten, ra`wishten, da`reje formasi'nda kelgen kelbetlikten, wori'n sepliginde turg`an atli'q so`zden, tu`bir tu`rinde kelgen atli'q so`zden jasali'p, wori'n, waqi't ma`nilerin bildirip tur.

**- Shi'l/-shil qosi'mtasi'.** Bul qosi'mta arqali' kelbetlikler jasali'p, adam ha`m ha`r tu`rli janli' maqluqlardi'n` qa`siyetlerin bildiredi. Mi'sali':

Sen ga`rdiyme **wo`zimshil** dosti'm,

Da`r`yalarg`a toli' bul du`n`ya. (T.Ma`tmuratov)

Qaslari'na **iyisshil** iytlerin ali'p ju`ripti. Anam ju`da` **i'ri'mshi'l** adam edi.

Bunda **wo`zimshil, iyisshil**, **i'ri'mshi'l** adamdag`i', haywandag`i' qanday da bir qa`siyetti bildiriw ushi'n jasalg`an.

**- Las/-les qosi'mtasi'**. Bul qosi'mta menen jasalg`an do`rendi kelbetlikler qanday da bir sherikleslik ma`ni an`latadi'.

Jolbari's ayqasi'wg`a tayi'n turg`an **qarsi'lasi'n** qoyaberip, wo`zine topi'li'p, do`nip kiyati'rg`an qa`wipli dushpani' Allayar suwpi'g`a shapshi'di'. (A`.Ta`jimuratov) Bul mi'salda **qarsi'las** do`rendi kelbetligi substantivlesip qollani'lg`an.

**-Biy/na qosi'mtalari'.** Bul qosi'mtalar -si'z/-siz qosi'mtalari' menen ma`niles. Zatta qanday da bir belginin` joq yekenin bildirip keledi. Wolar tu`bir so`zdin` keyninen yemes, aldi'nan qosi'latug`i'n prefiksler boli'p yesaplanadi'. Mi'sali':

Wortali'qtan woni'n` man`layi'n bir-eki jerden qayti'p kelgen kelinsheklerge, qulag`i'n qon`si' kempirge, tilin **biyhaya** qati'nlarg`a, ko`zin miliysag`a, tanawi'n diktorlarg`a beriw tiyis. (M.Ni'zanov) Prokurordi'n` (oni' sud isinde qaralawshi' dep ataydi') jaza qollani'wi'na kelisim bersen`, geyde ayi'pkerge jen`il jaza da qollani'wg`a, ayi'psi'z bir **biyshara** da ayi'pli' boli'p ketiwine sebepshi bolasan`. (J.Serjanov)

Bul **biyshara** quwnaq, ju`rekten tozg`an,
Bolmasa saz eken barli'q ag`zasi'. (T.Ma`tmuratov)
Ja`bri-japam boli'p tur **biynihayat,**
Zibani'ma a`dalatli'q hu`kimin ber. (Berdaq)
Sizin` Dezdemonan` **biygu`na** nashar,
Muhabbetke sadi'q, tek sen − ko`rgeni. (T.Ma`tmuratov)
Woni'n` keliwi **naguman,** − dedi.

Berilgen mi'sallardag`i' **biyhaya, biyshara, biynihayat, biygu`na, naguman** kelbetlikleri haya, **shara, nihayat, guna, guman** so`zlerine **-biy, -na** qosi'mtalari'ni'n` − prefikslerdin` qosi'li'wi'nan jasali'p usi' na`rselerdin` joqli'q belgisin bildirip keledi.

**- Dar qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta atawi’sh so`zlerge jalg`ani’p kelip, qanday da bir na`rsege ayri’qshali’q si’pat berip, ayri’qsha belgige iye yekenin bildirip keledi. Mi’sali’:

Duri’sli’ hu`kim shi’g`ari’w ushi’n tamag`i’mi’zg`a suw bu`rkip, a`dil jaza qollani’wdi’n` **ta`reptari’** bolami’z. (J.Serjanov) Bunda **ta`repdar** kelbetligi ta`rep atli’g`i’na -dar qosi’mtasi’ni’n` qosi’li’wi’nan jasalg`an do`rendi kelbetlik boli’p, wol sol na`rsege beyimlik ma`nisin bildiredi.

**-I’y/-iy qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta atli’q so`zlerge jalg`ani’p qatnasli’q kelbetlik jasaydi’. Oni’ shi’g`i’si’ jag`i’nan, qanday da bir na`rsege, zatqa tiyisliligin jag`i’nan bildirip turadi’. Mi’sali’:

**A`beshiy** boldi’ zamana,

Basi’nda eldin` dumana. (Berdaq)

**Na`letiy** uri’sti’n` go`ri qazi’li’p,

Tepkilep ko`milsin uri’s degenin`. (T.Ma`tmuratov)

**A`beshiy, na`letiy** kelbetlikleri do`rendi kelbetlikler boli’p, bunda na`let tu`biri ani’q, tu`sinikli, atli’q so`z, al a`beshiy do`rendi kelbetliginin` tu`biri dara turi’p qollani’lmaydi’, usi’ do`rendi kelbetlik tu`rinde g`ana belgi ma`nisin bildirip keledi.

Bul qosi’mtani’n` - i’/-i tu`ri de bar. Wol **qazaqi’** (at), **qaraqalpaqi’** (shapan), **dozaqi’** (adam) ha`m t.b. do`rendi kelbetlikler tu`rindegi birliklerdi jasaydi’. Wol wo`nimsiz qosi’mtalardi’n` qatari’na kiredi.

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi do`rendi kelbetliklerdin` u`lken bir topari’ atawi’sh so`zlerden ha`r qi’yli’ kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalardi’n` qosi’li’wi’ menen jasalg`an do`rendi kelbetlikler boli’p tabi’ladi’.

**2. Feyil so`zlerden jasalg`an kelbetlikler**

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler atawi’sh so`zler menen bir qatarda feyil so`zlerden de wo`nimli jasaladi’. Wolardi’ to`mendegi qosi’mtalar jasaydi’:

**- Kir/-gir, -qi’r/-kir qosi’mtalari’.** Qaraqalpaq tilinde bul qosi’mta jalg`ani’p kelgen do`rendi kelbetlikler zatti’n` ayri’qshali’q si’pati’n bildirip keledi. Mi’sali’:

Quyashti’n` **wo`tkir** nurlari’ adam jani’na wo`tip barati’r. (M.Tawmuratov)

Ko`z ko`zge tu`skenin alaman yeske,

Ko`zlerin`di **wo`tkir** jaraq yetersen`. (T.Ma`tmuratov)

**-Qi’n/-kin, -g`i’n/-gin qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta feyilden minez-qulq, hal-awhal ma`nisindegi kelbetliklerdi jasaydi’. Mi’sali’:

Yel jatqan son` bir **tasqi’n** yosh kelip jazi’wg`a woti’ri’p edim, qa`pelimde svet wo`shti. (M.Ni’zanov) **Harg`i’n** ju`zleri kewilsiz ko`rinedi.

**Azg`i’nlari’** bolsa **wozg`i’n** du`n`yani’n`,

Jer menen woynap ju`r ayri’li’p yesten. (T.Ma`tmuratov)

**Tasqi’n, harg`i’n, azg`i’n, ozg`i’n** do`rendi kelbetlikleri -qi’n/-kin qosi’mtalari’ arqali’ feyil so`zlerden jasali’p, hal-awhal ma`nisindegi belgini bildiredi.

**- Shaq/-shek qosi’mtasi’.** Tilde bul qosi’mta tu`birden an`lasi’lg`an ma`ninin` basi’mli’g`i’n ko`rsetetug`i’n belgi ma`nisindegi kelbetliklerdi jasaydi’. Mi’sali’:

Qi’z ju`da` **uyalshaq** eken.

Sen ta`me yetken du`rkinler wo`tip bolg`annan keyin hesh kimge so`z ayta almaytug`i’n, **jasqanshaq** boli’p qaladi’ yekensen`. (M.Ni’zanov)

**-Qaq/-kek, -g`aq/-gek, -aq/-yek, -i’q/-ik, -q/-k qosi’mtalari’.** Bul qosi’mtalar feyil so`zlerge jalg`ani’p belgili bir zatqa ta`n si’nli’q, sapali’q qa`siyetti bildiredi. Mi’sali’:

**Do`n`gelek** ko`ldin` pisheni nawqarag`ay wo`sip woraqqa kelgen, ha`mme sog`an pishen woraqqa ketti. (A`.Ta`jimuratov) Duri’-i’s Yeseken`nin` awi’li’ni’n` ba`ri bir adamday, **uyi’sqaq, ti’ri’sqaq,** birewi ushi’n ha`mmesi, ha`mmesi ushi’n Yesbergen juwap beredi, liykin... (Sh.Seyitov) Qarasam, qon`si’mi’zdi’n` yesigi ayqara **ashi’q,** ishi hu`wlep tur. (M.Ni’zanov)

U`stimde jaman i’lashi’q,

Bar jerinin` ba`ri **ashi'q**. (Berdaq)

Minekey, globus aldi'nda turman,

**Qurg`aq q**i'zi'l-jasi'l okeanlar ko`p. (T.Ma`tmuratov)

Bunda **do`n`gelek, uyi'sqaq, ti'ri'sqaq, ashi'q, qurg`aq** kelbetlikleri feyil so`zlerge -k, -qaq, -i'q, -q kelbetlik jasawshi' qosi'mtalari'ni'n` jalg`ani'wi' arqali' jasali'p, sol zatlarg`a ta`n bolg`an si'nli'q, sapali'q belgilerdi bildirip tur.

**- Kesh qosi'mtasi'**. Zatti'n` qanday da bir na`rsege beyimlik belgisin bildiredi. Mi'sali':

Basli'q jorasi' menen de, Shundi'y **ha`zilkeshi** menen de da`lkekleserlik kewildin` xoshli'g`i' joq (Sh.Seyitov)

**-Ma/-me, -ba/-be, -pa/-pe qosi'mtasi'** menen de kelbetlikler jasaladi'. Mi'sali': Menin` bunday **talma** keselim joq yedi g`oy? – deymen wo`zimshe. (M.Ni'zanov)

**- I'n/-in qosi'mtasi'.** Bul qosi'mta qanday bir si'nli'q, sapali'q belgini bildiredi. Mi'sali':

**Ag`i'n** suw boyi'nda woti'rsam ga`de,

Pa`riyshan woylari'm bolmaydi' ada. (T.Ma`tmuratov)

Ga` boladi' **ag`i'n** suwlar,

Iyren`lep aqqan. (T.Ma`tmuratov)

**-G`i'sh/-gish, -qi'sh/-kish qosi'mtasi'.** Bul qosi'mta feyillerge jalg`ani'p belgili bir zatqa ta`n si'nli'q, sapali'q qa`siyetti bildiredi. Mi'sali':

Du`n`ya geyde juwas, geyde jalmawi'z,

Wol **ji'rtqi'sh** haywanday i'ri'ldap so`yler. (T.Ma`tmuratov)

Solay yetip, qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler atawi'sh so`z shaqaplari' menen birge feyil so`zlerden de jasaladi'. Bunday kelbetliklerdi jasawshi' arnawli' qosi'mtalar boli'p, wolardi'n` ayi'ri'mlari' kelbetlik jasawda wo`nimli qollani'lsa, geyparalari' wo`nimsiz jumsaladi'.

## 2. Kelbetliktin` so`z qosi'li'w usi'li' arqali' jasali'wi'

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler so`zlerge so`z jasawshi’ qosi’mtalardi’n` qosi’li’wi’ arqali’ g`ana yemes, al so`zlerdin` biri-birine qosi’li’wi’ arqali’ da jasaladi’. So`zlerdin` biri-birine qosi’li’wi’ arqali’ kelbetliklerdin` to`mendegi tu`rleri jasaladi’:

1. Sostavli’ kelbetlikler

2. Jup kelbetlikler

3. Ta`kirar kelbetlikler

4. Birikken kelbetlikler

Bunday kelbetlik so`zler bir-birinen wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’. Biz wolardi’n` ha`r birine wo`z aldi’na toqtap wo`temiz.

## 1. Sostavli’ kelbetlikler

Qaraqalpaq tilindegi sostavli’ kelbetlikler wo`zine ta`n jasali’w usi’llari’na iye boli’p, wolar to`mendegi usi’llardan ibarat:

1. So`z qosi’li’wi’

2. So`z qosi’li’wi’ ha`m affiksatsiya

3. Leksika-sintaksislik usi’l − leksikalizatsiya

1. Kelbetlikler so`z qosi’li’wi’ usi’li’ menen jasalg`anda to`mendegi tiplerde ushi’rasadi’:

a) atli’q+atli’q: Ba`ri ju`zlerin qubla ta`repke qarati’p **g`az qatar** sapqa dizilgen. (A`.Ta`jimuratov)

b) kelbetlik+atli’q: Bul so`zlerdin` ha`r qi’yli’ ma`nisine itibar bermegenler: «xodlanbasa xodlanbaydi’ da!» dedi qollari’n bir siltep, ja`ne birleri «wonday bolsa iyterip ko`reyik, u`lken mashi’nlardi’ da iyterip ju`rmiz-g`oy» degendi aytti’, **aq ko`kirekleri** menen. (M.Tawmuratov) Tislerin aqshi’yti’p, tu`gin u`rpiytip, ko`zlerin shatnati’p, ati’li’wg`a qolaylasqan, **uzi’n bel, sari’ jolaq, shonti’q qulaq** jolbari’s ko`z aldi’na kele beredi. (A`.Ta`jimuratov)

Bunda **g`az qatar** sostavli’ kelbetligi atli’q+atli’q tipinde, **aq ko`kirek, uzi’n bel, sari’ jolaq,** ***shonti’q qulaq*** sostavli’ kelbetlikleri kelbetlik+atli’q tipinde

kelgen. Qaraqalpaq tilindegi sostavli’ kelbetliklerdin` bunnan basqa da bir neshe tipleri ushi’rasadi’. Bunda atawi’sh ha`m feyil so`zler qatnasadi’.

2. Kelbetlikler so`z qosi’li’wi’ usi’li’ ha`m so`z jasawshi’ affiksler arqali’ jasaladi’: Mi’sali’:

Ari’qtan kelgen, **uzi’n boyli’** jigit pe? (M.Ni’zanov) Bir na`rseni umi’tpaw kerek, joldaslar – wortadan **teke saqalli’** bir kisi ku`yip-pisip tu`rgeldi. (M.Ni’zanov) Bunda uzi’n boyli’, teke saqalli’ sostavli’ kelbetlikleri qurami’nda so`z jasawshi’ qosi’mtalar arqali’ jasalg`an do`rendi kelbetlikler de bar. Joqari’dag`i’ mi’saldag`i’ shonti’q qulaq sostavli’ kelbetligi de usi’ tu`rge ta`n boli’p yesaplaandi’.

3. Ayi’ri’m so`z dizbeklerinin` leksikalasi’wi’nan jasaladi’. Mi’sali’:

**Deni saw** adamg`a jumi’s jaqsi’, isley bersin … A`niypa! (M.Ni’zanov). Al, yendi balalar, **jasi’ u`lken** bolg`an son` jol bolsi’n soraw pari’zi’mi’z – bari’s qayda, kelis qaydan? (M.Ni’zanov) Ha`mme **jasi’ u`lkennin`** aytqani’na ko`ndi ha`m izine yerdi. (A`.Ta`jimuratov) **Jas kishi** bolsa da, sa`lem bereyin. (M.Ni’zanov) Men qusag`an **kelte baqayg`a** xan shapani’ shubati’ladi’. (A`.Ta`jimuratov) Nege yendi woni’n` **jan ashi’ri’na** kolxozdi’n` ati’n qoyar ekenbiz? (M.Ni’zanov) KamAZdi’n` shoferi’ Narbay degen jigittin` woti’zlardan wo`tkenine qaramastan ele shan`araq qurmag`an, **beti qali’n`, na`zeri tik,** aybi’ni’wdi’ bilmeytug`i’n arsi’z jigit yekenligi belgili boli’p tur. (J.Serjanov) Artel` ag`zalari’ Begjanni’n` **bir so`zliligin,** uqi’bi’n ko`rip woni’ «wonli’q» yetip sayladi’. (J.A`bdimuratov) G`a`ha`ri qatti’ bolg`ani’ menen, tilin tapsan`, **qayti’mi’ tez** adam yedi. (Sh.Seyitov)

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` analitikali’q formadag`i’ artti’ri’w da`rejesi de sostavli’ kelbetlik dep qaraladi’. Mi’sali’: Tap bir jer qapi’lg`anday kolxoz ken`sesi **di’m qolaysi’z** jerge sali’ng`an. (G.Tursi’nova)

Uli’wma, qaraqalpaq tilindegi sostavli’ kelbetlikler so`z qosi’li’w usi’li’ arqali’ jasalg`an kelbetliklerdin` u`lken bir topari’n quraydi’ ha`m wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’.

## 2. Jup kelbetlikler

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zlerdin` biri − jup kelbetlikler. Bunda ma`nileri bir-birine qarama-qarsi’ yamasa jaqi’n bolg`an kelbetlik so`zler juplasi’p keledi. Mi’sali’: Wol jasi’ eliw beslerge kelip qalg`an, shashlari’ jari’dan ko`p aq, man`layi’ **qat-qabat** ji’yri’q, jumi’stan go`re kewli basqa na`rselerge alag`adalaw adam yeken. (M.Ni’zanov) Solardi’n` kewilinen shi’g`aman dep talay baylardi’n`, ulamalardi’n`, ha`tteki, **jarli’-jaqi’baylardanda** bari’n tarti’p aldi’. (J.Serjanov) Woni’n` yeki jag`i’nda yeki suwpi’si’ – won` ta`repinde Sadi’q, shep ta`repinde Allaqul ha`m izinde jaqi’nda iyshang`a qol berip suwpi’ bolg`an Bayi’mbet biy to`rt atli’ qatarlasi’p, sho`plik w**os-woyran** boli’p qalg`an, u`y worni’nday ko`lemge shashi’rap aqqan qan qi’p-qi’zi’l boli’p jarqi’rap ati’rg`an jerge keldi. (A`.Ta`jimuratov) Sizin` menen bizge topi’li’s ko`p, usi’ bastan **sabi’r-taqatli’** boli’p, jaman ku`nlerdi basi’n`i’zg`a telpektey kiye berin`, jaqsi’li’g`i’ qashpas, tag`i’?! (Sh.Seyitov) Wolar yekewi A`miwda`r`yag`a jetiwden **ishki-si’rtqi’** jag`ani’ tik jardi’n` quwi’s-qolti’g`i’n tintip, jog`alg`an qi’zlardan bir da`rek tabatug`i’n si’yaqlani’p qaray berdi. (A`.Ta`jimuratov)

**Ar-nami’sli’** joralari’m bolmasa,
Menin` ushi’n bolar yedi di’m qi’yi’n. (T.Ma`tmuratov)

Keltirilgen mi’sallarda **qat-qabat, jarli’-jaqi’bay, wos-woyran, sabi’r-taqatli’, ar-nami’sli’** kelbetlikleri jup kelbetlikler boli’p yesaplanadi’. Wolar ma`nileri bir-birine jaqi’n bolg`an sinonim so`zler menen ma`nileri bir-birine qarama-qarsi’ bolg`an antonim so`zlerden jasalg`an.

## 3.Ta`kirar kelbetlikler

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler ha`r qi’yli’ wo`zgeshelikler menen qollani’ladi’. Wolardi’n` qatari’nda ta`kirar kelbetlikler de bar. Ta`kirar kelbetlikler kelbetlik so`zlerdin` ta`kirarlani’p qollani’li’wi’nan jasaladi’. Mi’sali’: Bul da Muxammedovti’n` qol ushi’nda diywalg`a uri’li’p **mayda-mayda** boldi’.

(M.Ni’zanov) Supi’lar, jasi’ u`lkenler pesin namazi’na uyi’g`an waqi’tta Murat iyinleri ku`nge ku`yip, ter menen w**oydi’m-woydi’m** shirip tu`sken, woni’n` u`stileri do`n`gelenip jamalg`an bo`z ko`ylegin kiyip, qayi’si’n buwi’p, worag`i’n beline qi’sti’ri’p, sharshi’si’n shashi’ wo`sip qasi’na jaqi’nlag`an basi’na jigitshe woradi’ da, da`r`ya boyi’na qaray jol tartti’. (A`.Ta`jimuratov) Geybirewleri w**og`ash-wog`ash** boladi’, woni’ quday sa`tsiz jaratadi’. (A`.Ta`jimuratov) Men wo`zimdi qansha basi’wg`a uri’ng`ani’m menen, ju`regim **qatti’-qatti’** sog`i’p ti’ni’shi’mdi’ aldi’. (G.Tursi’nova) Bunda **mayda-mayda, woydi’m-woydi’m, wog`ash-wog`ash, qatti’-qatti’** kelbetlikleri usi’ kelbetlik so`zdin` ta`kirarlani’wi’ arqali’ jasalg`an ta`kirar kelbetlikler boli’p yesaplanadi’.

## 4. Birikken kelbetlikler

Qaraqalpaq tilindegi birikken so`zlerdin` bir topari’n birikken kelbetlikler quraydi’. Wolar yeki so`zdin` birigiwinen jasaladi’. Birikken kelbetliklerdin` qurami’ndag`i’ so`zlerdin` ma`nileri de tu`sinikli boli’p keledi, wolardi’ birikkken kelbetliktin` qurami’nan an`sat tabi’wg`a boladi’. Bunday birikken kelbetliklerge a`jepta`wir, go`rsawat ha`m t.b. so`zler kiredi. Mi’sali’: Samolet xodlanbay qaldi’! – degen **a`jepta`wir** xabar ha`r kimdi ha`r qi’yli’ halatqa tu`sirdi. (M.Tawmuratov) **Go`rsawat** adam jazg`an, − dedi xatti’ woqi’p bolar-bolmastan bag`anag`i’ a`debiyat mug`allimi ushi’p tu`rgelip. (M.Ni’zanov)

Birikken kelbetlikler de so`z qosi’li’wi’ usi’li’ menen jasalg`an kelbetliklerdin` bir tu`ri si’pati’nda qollani’ladi’.

## 3. Leksika-semantikali’q usi’l

Qaraqalpaq tilinde kelbetliktin` jasali’wi’nda basqa da usi’llar qatari’nda leksika-semantikali’q usi’l da wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’. Basqa usi’llardan leksika-semantikali’q usi’ldi’n` tiykarg`i’ ayi’rmashi’li’g`i’ sonnan ibarat − so`z wo`zinin` formasi’n wo`zgertpesten turi’p

kelbetlikke wo`tip ketedi.  Bul usi’l ad`ektivatsiya dep te ataladi’. Bul lati’nsha ad`ektiv yag`ni’y kelbetlik degen so`zden ali’ng`an termin boli’p,  basqa so`z shaqaplari’nan kelbetliktin` jasali’wi’ boli’p, wonda ko`binese, -g`an/-gen, -qan/-ken formali’ kelbetlik feyiller kelbetlikke wo`tip si’nli’q, sapali’q belgi ma`nisin bildiredi. Mi’sali’:

Yekewi de **kelisip qalg`an** ari’w g`oy, ari’w. (A`.Ta`jimuratov) Bizin` basli’g`i’mi’z, kimsen` **gu`rlep turg`an** Da`libay yedi. (M.Ni’zanov) Miyzan-tami’zdi’n` mi’s qazanday **qaynag`an** i’ssi’li’g`i’ adamlardi’n` to`besinde woynaytug`i’n edi.  (A`.Ta`jimuratov) Mi’sallardag`i’ **gu`rlep turg`an**, **kelisip qalg`an**, **qaynag`an** kelbetlik feyilleri kelbetlikke wo`tip, belgi ma`nisin bildirip tur.

**Kelbetliktin’ basqa so’z shaqaplarına wo’tiwi.** Bul qubi’li’s **d**eadektivatsiya dep te ataladi’. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler ayırım kontekstlerde basqa so’z shaqaplarına wo’tip qollanıladı. Ayi’ri’m jag’daylarda sınlıq, sapalıq, t.b. belgilerdi an’latatug`i’n kelbetlikler belgili zattın’ ataması xızmetinde de paydalani’ladi’. Bunda kelbetlikten keyin  qollanıwg’a tiyisli atlıq so’z tu’sirilip aytıladı, soni’n` na`tiyjesinde kelbetlik usı tu’sip qalg’an atlıq so’zdin’ xızmetine wo’tedi. Solay yetip, kelbetlik yeki tu’rli xızmetti atqaradi’: birewi  wo’zinin’ tiykarg’ı si’nli’q, sapali’q xızmeti bolsa, yekinshisi atlıqqa tiyisli bolg’an zatlıq xızmeti boli’p yesaplanadi’. Mısalı:

**Jamanni’n`** ayag`i’ segiz,

Biri bolmasa, biri tiyedi.

**Jamannan** qash, **jaqsi’g`a** jantas. (naqi’l-maqallar)

Kelbetliktin` atli’qqa wo`tiwi substantivatsiya dep ataladi’. Mi’sallardag`i’ jaman, jaqsi’ kelbetlikleri substantivlesken kelbetlikler boli’p yesaplanadi’.

Kelbetlikler feyil so’zler menen kelgende ha’rekettin’ belgisin bildirip, ra’wishke wo’tedi: Marat **jaqsı woqi’ydi’.**

## 1.2. Kelbetliktin’ ma’nilik tu’rleri

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler, tiykari'nan, belgi ma`nisin, atap aytqanda, zatti'n` belgisin bildirip keledi. Sapalıq ha'm qatnaslıq kelbetlikler zattın' qanday belgisin bildiriwine qaray bir neshe ma'nilik wo`zgesheliklerge iye boladi'. Usi' wo`zgeshelikler tiykari'nda olardi' bir neshe tu'rlerge bo'liwge boladi':

1) Ren'-tu`s bildiretug`i'n kelbetlikler: **aq, qızıl, qara, sarı, ku'l ren', shubar**. Mi'sali': Ishke uzi'n boyli'**, aq quba, qara** ko`zli, jotali' jigit kirdi. (A.Bekimbetov) Jumagu`l suli'w, aqi'lli', **qara tori',** uzi'n boyli' qi'z yedi. (A.Bekimbetov) Biraq, tu`lkidey tu`rlengen Allan suwpi' **ala** shapani'n jami'li'p, qoli'na quman uslap, qali'n` shen`geldin` tasasi'na kelip bul so`zlerdi ti'n`lap u`lgergen yedi. (J.Saparov)

Wonda **ko`k** ju`rmel bar, mende bar **qara** at,
Ju`rdik bir neshe ji'l qula zamanda. (Berdaq)

Usi' qi'ri'q qi'zdi'n` ishinde,
**Biyday ren`**, qoy ko`zli,
Aqi'lli', awi'r minezli,
Ju`regi atti'n` basi'nday,
Shaqqan shaqmaq tasi'nday,
Sa`rbinaz suli'w bar yedi. («Qi'ri'q qi'z» da`stani')

U`yge worta boyli', **biyday ren`,** adi'raq ko`zlew, at jaqsi', ju`zi su`ykimli, jasi' on alti'-on jetilerdegi bir bala kirip keldi. (S.Xojaniyazov)

Qi'tay, Qon`i'rat qatti' bu`ldi,
**Aqsha** ju`zge **sarg`i'sh y**endi. (Berdaq)

Berilgen mi'sallarda **aq quba, qara, qara tori', ala, qoq, biyday ren`** kelbetlikleri dara ha`m qospa so`z tu`rinde kelip, ha`r qi'yli' ren`lerdi bildiredi.

Ren` bildiretug`i'n kelbetlikler awi'spali' ma`nilerde de keledi. Ko`k ren` bildiriwshi kelbetligi ko`p sho`pler ma`nisin, qi'zi'l til degende wo`tkir so`zdi, duri'sli'qti' aytatug`i'n degen ma`nilerdi bildiredi:

Suw kelmedi **ko`k** shi'qqanda,
A`tsho`k quslar shaqi'rg`anda. (Berdaq)

**Qi’zi’l** tilim boldi’ ayg`aq,

Ayaq bassam bar jer tayg`aq. (Berdaq)

2) Adamni’n`, haywanlardi’n` ha`m zatlardi’n` si’rtqi’ ko`rinisin, ko`lem, salmaq belgilerin bildiretug`i’n kelbetlikler: uzi’n, kelte, gidiman, u`lken, kishi ha`m t.b. Bunday kelbetlikler de tilde, woni’n` barli’q stil`lerinde, ko`rkem shi’g`armalarda jiyi paydalani’ladi’. Mi’sali’:

Bizler wol ko`rsetken **shoq** terekten wo`tip, aq jaylarg`a jaqi’nlasqani’mi’zda anam tuw ali’stan tani’p aldi’mi’zg`a juwi’ri’p shi’qti’. (G.Tursi’nova) Balalardi’n`, **na`zik** hayal-qi’zlardi’n` yeziliwleri, wolardi’n` qara xat ali’p ji’lag`anlari’ jani’ma tiyip ketti. (G.Tursi’nova) Ji’lg`ani’n` quyar jerindegi **juqa** muzdi’ woyi’p, baxti’mi’zdi’ si’nap ko`reyik. (G.Tursi’nova) Mi’sallarda ko`rsetilgen **shoq, na`zik, juqa** kelbetlikleri wo`zlerinin` an`latqan ma`nileri arqali’ usi’ toparg`a kiredi.

Adamni’n`, haywanlardi’n` ha`m zatlardi’n` si’rtqi’ ko`rinisin, ko`lem, salmaq belgilerin bildiretug`i’n kelbetlikler ko`rkem shi’g`armalarda antonimlik xi’zmette qollani’li’p ma`ni o`tkirligin artti’ri’p keledi. Mi’sali’:

Bul du`n`ya **tar** ma, **ken`** be?

Woylap ma`nisin bilmedim.

**Quw** wo`mirler mag`an ten` be?

Ne bolari’mdi’ bilmedim. (Berdaq)

Aylandi’ alti’ni’m mi’sqa,

Dawi’si’m shi’qpadi’ ti’sqa,

**Uzi’n** tilim boldi’ **qi’sqa,**

Burdi’ pa`lektin` ga`rdishi. (Berdaq)

Bul mi’sallarda **tar** ha`m **ken`, uzi’n** ha`m **qi’sqa** kelbetlikleri adamni’n`, haywanlardi’n` ha`m zatlardi’n` si’rtqi’ ko`rinisin, ko`lem, salmaq belgilerin bildiretug`i’n kelbetlikler topari’na kiretug`i’n birlikler boli’p, wolar shi’g`arma tilinde antonimlik qatnasta qollani’li’p pikir wo`tkirligin ta`miyinlew maqsetinde paydalani’lg`an.

3) Da’mdi-mazani’ bildiretug`i’n kelbetlikler: **dushshı, shiyrin, palday**

Ten`iz **ashshi’**, suw sorli’q duz,

Qosti’n` ishi boli’p tur muz. (Berdaq)

Bunday kelbetlikler de awi’spali’ ma`nilerde keledi. A`sirese, wolar antonim boli’p qatar kelgende ma`ni wo`tkirligin artti’radi’.

Ali’s penen jaqi’ndi’ jortqan biler,

**Ashshi’** menen **dushshi’ni’** tatqan biler. (Maqal)

4) Tazali’q-patasli’q belgini bildiretug`i’n kelbetlikler: **taza, patas, azada ha`m t.b.** Bunday kelbetlikler adam ha`m basqa na`rse, zat ha`m t.b. baylani’sli’ tazali’q-patasli’q belgilerdi an`lati’p keledi. Mi’sali’: Ha`tte, iyin-iyinge tiresken **patas** ju`k vagonlarda kiyati’ri’pti’. (G.Tursi’nova) Negedur, uri’s pitip meni buri’ng`i’ wo`z ka`sibime qayta-qayta shaqi’rsa da, Channi’n` ashqan **taza** jerlerin ko`zim qi’yi’p taslap kete almadi’m. (G.Tursi’nova)

− Wolay bolsa orni’n`i’zdan qi’ymi’ldamay woti’ra turi’n`, men de **taza** hawa juti’p qaytayi’n, − dep jerge sekirip tu`stim. (G.Tursi’nova)

5) Hawa rayi’na, i’ssi’-suwi’qli’qqa baylani’sli’ belgilerdi bildiretug`i’n kelbetlikler: i’ssi’, ji’lli’, suwi’q ha`m t.b. Mi’sali’:

Buri’ng`i’ yerkelik, buri’ng`i’ is jaqpay **i’ssi’** pechtin` u`stine shi’g`i’p jati’wlar qaldi’ bir jaqta. (G.Tursi’nova) Arqa betten i’g`alli’, **salqi’n** samal yesip tur. (A.Bekimbetov)

Ko`rkem shi’g`armalarda wolar ta`biyat qubi’li’slari’n ko`rsetiwde de qollani’ladi’. Mi’sali’:

**Tas burshaqli’** ku`nler duman,

Aqi’ri’ bolg`ay aqi’bet. (Berdaq)

6) Uli’wma − adam, haywan, zat ha`m t.b. ha`r qi’yli’ ta`biyiy belgilerin bildiretug`i’n kelbetlikler. Bug`an to`mendegi belgiler kiredi.

a) ayri’qshali’q belgiler;

b) kemislik belgiler;

v) hal-jag`day, minez-quli’q, aqi’l-huwsh, ku`sh-quwat, uqi’p ha`m t.b. baylani’sli’ belgiler.

A) Ayri’qshali’q belgiler zatlardi’n`, adamlardi’n`, haywan ya quslardi’n` ha`m t.b. na`rselerdin` tu`rli ayri’qshali’q belgilerin si’patlaydi’. Qaraqalpaq tilinde bunday belgilerdi bildiretug`i’n so`zler de barli’q stil`lerde qollani’ladi’. Ayi’ri’mlari’ awi’zeki so`ylew stili menen ko`rkem a`debiyat stilinde wo`nimli paydalani’ladi’. Mi’sali’: Wo`mirimde birinshi ret bunday **suli’w** yetip bezelgen u`ydi ko`rmegenime, awzi’m ashi’li’p qali’pti’. (G.Tursi’nova)

− Chok, qurdasi’n` menen sa`lemles, − degen Nawri’zbaydi’n` so`zinen keyin boyi’mdi’ tiklep ali’p, taldi’rmash boyli’ **suli’wshi’q** kelinshekke sa`lem berdim. (G.Tursi’nova) Kempirdin` qi’zi’ adam tartqanday **shi’rayli’ ha`m shaqqan** yeken. (G.Tursi’nova) Berilgen mi’sallarda **suli’w** kelbetligi adam ha`m basqa na`rselerge ta`n ayri’qshali’q belgilerdi bildirse, **suli’wshi’q,** tartqanday **shi’rayli’, shaqqan** kelbetlikleri adamlarg`a ta`n belgilerdi bildiredi.

B) Kemislik belgilerdi bildiretug`i’n kelbetlikler de zatlardi’n`, adamlardi’n`, haywan ya quslardi’n` ha`m t.b. na`rselerdin` ha`r qi’yli’ kemislik belgilerin si’patlap ko`rsetedi. Mi’sali’:

Ko`zin` **go`r** bolsa ko`rmestey,

Ku`shin` kenege jetpestey. (Berdaq)

Bunday kelbetlikler substantivlesip te qollani’ladi’. Mi’sali’:

**Soqi’r** ko`rgenin jazbaydi’. (Maqal)

V) Hal-jag`day, minez-quli’q, aqi’l-huwsh, ku`sh-quwat, uqi’p ha`m t.b. baylani’sli’ belgiler, ko`binese, adamlardi’n` ha`m t.b. na`rselerdin` usi’ belgilerin ko`rsetip keledi. Mi’sali’: Chan keyingi waqi’tlari’ **shurt minez** boli’p aldi’. (G.Tursi’nova) Buri’nnan **nati’q w**o`sken men de wog`an ju`rek yetip illa` dep awi’z asha almadi’m. (G.Tursi’nova) Wo`zimnin` asa ketken **awi’r** minezimnen qaptali’mda ju`rgen jaqsi’ adamlardi’ sezbeppen. (G.Tursi’nova)

**7) U`y haywanlari’ menen jabayi’ haywanlardi’n` minezi menen ha`reketine baylani’sli’ belgilerdi bildiretug`i’n kelbetlikler** tilde za`ru`r jag`daylardi’ usi’ zatlardi’n` belgilerin si’patlaw maqsetinde paydalani’ladi’. Wolarg`a tebegen, qabag`an, adamxor, jemxor ha`m t.b. kelbetlikler kiredi. Mi’sali’:

Jarag`an tu`yedey burqi'radi' ol,

**Adamxor** at yan`li' umti'ladi' ol. (I.Yu)

**8) Adamni'n` minez-quli'q belgilerin bildiretug`i'n kelbetlikler.** Bunday kelbetlik so`zler adamni'n` ha`r qi'yli' minez-quli'q wo`zgesheliklerin, belgilerin si'patlap keledi. Wolar awi'zeki so`ylewde de, ko`rkem shi'g`armalar tilinde de wo`nimli paydalani'ladi'. Geyde substantivlesip qollani'ladi'. Mi'sali':

A`y, ag`alar, etin` ta`siyin,

**Mo`hmiyiynge** joqdur aqi'bet. (Berdaq)

Adamzatti'n` **jag`i'mpazi'n,**

Gu`llendirgen kewil sazi'n,

Jag`i'mtalli' so`zin-sazi'n,

Ta`riyp yeteyin Muwsani'n`. (Berdaq)

Hayali' ku`ta` bir **bi'ji'q, pa`tiwasi'z**. (T.Qayi'pbergenov) Jan`ag`i' qi'zdi'n` wo`zi **qaqan`baslaw** emes pe? (T.Qayi'pbergenov) Ati' a`lpayi'm bolg`an menen, wo`zi sonsha **sur, ba`dbesher.** (T.Qayi'pbergenov) Woni'n` **turpayi'** ha`reketine ashi'wi'm kelip jag`alasi'p qala jazladi'm. (G.Tursi'nova) Berilgen mi'sallarda m**o`hmiyiyn (mo`min), jag`i'mpaz, bi'ji'q, pa`tiwasi'z**, **sur, ba`dbesher, turpayi'** kelbetlikleri adamni'n` minez-quli'q belgilerin bildiretug`i'n kelbetlikler boli'p yesaplanadi'.

**9) Hal-awhal belgisin bildiretug`i'n kelbetlikler:** Wog`an to`mendegi belgiler kiredi:

**a) adam ha`m basqa zat, haywanni'n` jasi'na baylani'sli' kelbetlikler:** u`lken, kishi ha`m t.b.

Xen bizin` a`kemizden sa`l **kishi** bolsa kerek, **u`lken** ullari' mag`an jete g`aba eken. (G.Tursi'nova) Geyde **jas** balalarg`a awi'rli'q yeter dep woqi'wshi'lardi' **u`lken** jastag`i' balalar menen qaldi'ri'p tapsi'rma tapsi'ri'p ketsek, wolar bir-yeki saattan izimizden jetedi ha`m wo`kpelerin ayti'p shag`i'ng`anda, **u`lken** adamlardi' kishireytip qoyg`an shi'g`ar deysen`. (G.Tursi'nova)

Bunday kelbetlikler substantivlesip qollani'ladi'. Mi'sali':

Worni’mi’zdan ushi’p turi’si’p keshegi joli’qqan **u`lkenine** bardi’q. (G.Tursi’nova) **Jas u`lken** so`zin si’ndi’rmay ha`mme u`nsiz awqatlanatug`i’n bo`lmege kirdik. (G.Tursi’nova) Bunda bari’s ha`m ataw sepliklerinde turg`an u`lken ha`m jas u`lken kelbetlikleri atli’q worni’na jumsali’p tur.

**b) hal-jag`day, sezimdi bildiretug`i’n kelbetlikler:** Bunday kelbetlikler adamni’n` wo`mirin, ku`n-ko`risin, jag`dayi’n ko`rsetiwde tiykarg`i’ birliklerdin` biri boli’p yesaplanadi’. Mi’sali’:

Xen ag`am 1932-36- ashli’q ji’llari’ bizlerdi **ash** qi’lmawg`a ti’ri’si’p ku`n demey, tu`n demey jumi’s islep wo`z den sawli’g`i’n joyti’p jumi’stan yerterek qalg`ani’na qatti’ qi’ynalsa da, u`y ishindegilerge bildirmey, ba`rha` **kewilli** woti’ratug`i’n edi. (G.Tursi’nova) A`kesiz, bir uwi’s da`nsiz sizlerdi qalay adam qi’laman? – dedi anam **mun`li’** to`men qarap. (G.Tursi’nova)

**v) turmi’s jag`dayi’na, hal-awhali’na baylani’sli’ kelbetlikler: bay, jarli’, gedey, malli’ ha`m t.b.** Bunday kelbetlik so`zler usi’ si’patlawshi’ qa`siyeti menen tilde, a`sirese, ko`rkem a`debiyat stilinde wo`nimli qollani’ladi’. Mi’sali’:

**Bay** bolsan`, mali’n` ko`p boldi’n` a`rmansi’z,
**Jarli’** bolsan`, isin` boldi’ pa`rmansi’z,
Qalar qi’lar **ashlar ari’q − da`rmansi’z**,
Bunday qayg`i’-ha`siret bolg`an zamanda. (Berdaq)
**Bay** da`wletin bergil, biyg`am jasayi’n,
Nesiybe i’ri’sqi’mdi’ moldan asayi’n. (Berdaq)

**10) Sapanı bildiretug`i’n kelbetlikler: jaman, o’tkir, jumsaq, aqmaq ha`m t.b.** Zatti’n` ha`m t.b. na`rselerdin` sapa belgisin bildiretug`i’n kelbetlik so`zler de tuwra ha`m awi’spali’ ma`nilerdi bildirip kelip, ha`r qi’yli’ stil`lerde paydalani’la beredi. Mi’sali’:

Edenbaydi’n` joli’ **ulli’,**
**Belli** so`zi Maqti’mquli’,
Jorg`ali’g`i’ jurtqa toli’,
Bayqap ko`rsen`iz Muwsani’n`. (Berdaq)
Pi’g`li’n` **jaman,** xali’qqa jeter,

Jetkeni − su`yekke wo`ter. (Berdaq)

So`ylegenin` ba`rha **yalg`an,**

Etkenin` shaytang`a megzer. (Berdaq)

**Qali'n`** jas su`yriktin` ti'mi'ri'q hawasi' an`qi'p tur. (Wo`.Ayjanov) Qoli' paxtaday **jup-jumsaq** eken. (K.Sultanov) Ko`ldin` suwi' ju`da` **mo`ldir, ti'ni'q** eken. Sa`l jerde gellemdi juli'p alg`anday w**o`tkir** so`z ayti'p salama dep tikenektin` u`stinde woti'rg`anday bereketim qashadi' (K.Raxmanov)

Mi'sallardag`i' **ulli', bel (belgili), jaman, yalg`an (jalg`an), qali'n`, jup-jumsaq, mo`ldir, ti'ni'q, wo`tkir** kelbetlikleri sapanı bildiretug`i'n kelbetlikler boli'p yesaplanadi'.

Bunday kelbetlikler naqi'l-maqallarda ko`plep ushi'rasadi'. Mi'sali':

**Jaqsi'-jaqsi'** dersen`,

Isin` tu`sse bilersen`. (Naqi'l)

**Jamang`a** isin` tu`spesin`,

Qali'n`g`a qusi'n` tu`spesin. (Naqi'l)

11) **Worın ha`m waqıtli'q belgi ma`nisin bildiretug`i'n kelbetlikler**: **u`ydegi, azandag`i', awi'ldag`i', bu`gingi ha`m t.b.** Bul kelbetlikler wori'ng`a, waqi'tqa qatnasli' belgi ma`nisin bildirip keledi. Mi'sali':

**U`ydegi** sawdani' **bazardag`i'** ni'rq buzadi'. **(maqal)**

Shayi'r Berdimurat allani'n` quli',

**Sahradag`i'** o`sken g`umshali' gu`li (Berdaq)

Men woni'n` ha`reketin qaytalap, shaynap salg`ani'm **ishindegi** da`ni qi'rt yetip yezilip **awzi'mdag`i'** mazali' da`mdi buzi'p jiberdi. (G.Tursi'nova)

12) Usaslıq, sheriklik ma'nisin bildiretug`i'n kelbetlikler: **qi'yalday, iynedey, malday, u`nles, sırlas, qon`si'las** ha`m t.b**.**

Ashi'qlarg`a **mun`las**

Bu`lbilge **si'rlas**

Baq tappag`an jerde shen`gelge qonar. **(I.Yusupov)**

Jigit bolsan` **ari'slanday** tuwi'lg`an,

Xi'zmet yetkil udayi'na xali'q ushi'n**. (Berdaq)**

Woynadi’n` **jezden`dey** apan`di’ alg`an,

Ne a`jep ha`diysler ko`rgizdin` bizge. **(I.Yusupov)**

13) Tu’birden an’latılg’an na’rsege iye yekenligin bildiretug`i’n kelbetlikler: **sanali’, bilimli,** qaraqalpaqi’**, qazaqı** ha`m t.b. Wolar qanday da bir belginin` belgili bir zatqa, adamg`a, milletke, xali’qqa tiyisli yamasa ta`n yekenin bildirip keledi. Mi’sali’:

**I’rasgo`ysen`** duri’si’n aytqan an`qi’ldap,

**Sahrayi’san`** qatti’ dawi’s shan`qi’ldaq. **(I.Yusupov)**

**14) Tu’birden an’latılg’an na’rsenin’ joqlıg’ın bildiretug’ın kelbetlikler: belgisiz, biygu`na, naguman ha`m t.b.** Bunday kelbetlik so`zler de ko`rkem shi’g`armalarda usi’ ma`nini bildirip kelip, ha`r qi’yli’ maqsetlerde paydalani’ladi’. Mi’sali’:

Egin ordi’m, masaq terdim,

**Biyi’qti’yar** bayg`a berdim. (Berdaq)

Talaspag`a kelse **miyrimsiz** zali’m,

Biriksen` jeterler uzaqqa hali’m. (Berdaq)

Bardi’q qazi’wg`a **azi’qsi’z,**

Jedik tayaqti’ **jazi’qsi’z,**

Baylawli’ turdi’q **qazi’qsi’z,**

Qazi’w awi’r boldi’ bi’yi’l. (Berdaq)

Woti’rsan` ba`rha **sawi’nsi’z,**

Jazdi’n` ku`nleri **qawi’nsi’z,**

Iyt tu`ynek bermes w**ori’nsi’z,**

Tuwi’sqani’n` da qaramas. (Berdaq)

Bul du`n`ya w**opasi’z,** saxawati’ az,

Woylanbag`i’l, kewlim xabari’ni’ jaz. (Berdaq)

Solay yetip, kelbetlikliklerdin` joqari’ atap ko`rsetilip, mi’sallar menen tallaw jasalg`an ma`nilik tu`rleri bar boli’p, wolar tilde ha`r qi’yli’ maqsetlerde wo`nimli paydalani’ladi’.

## 1.3. Kelbetliktin` da`rejeleri

Kelbetliktin` da`reje kategoriyasi’ tu`rkiy tillerde ilimiy grammatikalardan ti’sqari’ usi’ so`z shaqabi’n izertlewge baylani’sli’ monografiyali’q miynetlerde so`z yetiledi. Da`reje kategoriyasi’ ayi’ri’m ilimiy maqalalardan baslap arnawli’ ilimiy-izertlewlerdin` ob`ekti boldi’. Bul miynetlerde kelbetlik da`rejeleri, klassifikatsiyasi’, da`reje jasawshi’ affiksler, wolardi’n` ma`nileri, stil`lik wo`zgeshelikleri ha`m t.b. haqqi’ndag`i’ ko`z-qaraslar, pikirler ha`r qi’yli’.

Qaraqalpaq til biliminde kelbetlik da`rejelerine baylani’sli’ ma`selelerdin` u`yreniliwinde de ha`r qi’yli’ pikirlerdin` bar yekenin ko`riwge boladi’. Ma`selen, N.A.Baskakov kelbetlik da`rejelerin beske (jay, ku`sheytiw, sali’sti’ri’w, intensiv, artti’ri’w), A.Qi’di’rbaev to`rtke (sali’sti’ri’w, kemitiw, artti’ri’w, ku`sheytiw) bo`lse, ayi’ri’m monografiya ha`m joqari’ woqi’w wori’nlari’na arnalg`an sabaqli’qlarda u`shke (jay, sali’sti’ri’w, artti’ri’w) bo`lip qaraladi’. «Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinin` grammatikasi’»nda kelbetlik da`rejeleri to`rtke (jay, pa`seytiw, artti’ri’w, sali’sti’ri’w) bo`linedi. B.Yusupovani’n` miynetinde pa`seytiw, artti’ri’w, sali’sti’i’rw da`rejeli kelbetlikler I.Yusupov shi’g`armalari’ tili tiykari’nda tallanadi’.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler belgili bir da`rejelerge iye boladi’. Bunda da’reje ma’nisi kelbetliktin’ da’reje formaları ja’rdeminde an’latıladı. Kelbetlikler ga’p ishinde kelgende, tiykarınan, zattın’ belgisin bildiriw menen birge sol belginin’ da’rejesin de bildirip keledi. Zat ha`r qi’yli’ belgilerge iye bolg`anli’qtan, wolar tildegi kelbetliklerdin` da`rejeleri arqali’ ani’qlanadi’. Kelbetlikler bir zattag`i’ belgini yekinshi zattag`i’, na`rsedegi belgige qarag`anda, sali’sti’rg`anda ju`da to`men bolsa, yekinshi birewlerinde ha`dden ti’s arti’q boli’wi’ mu`mkin yamasa to`menirek boli’p keledi. Mine, usi’nday sebeplerge baylani’sli’ zatlardi’ bir-birinen aji’rati’p turatug`i’n belgilerdi bildirip keliwine qaray qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler to`rt da`rejege iye boladi’:

1. Jay da`reje;

2. Pa`seytiw da`rejesi;

3. Artti’ri’w da`rejesi;

4. Sali’sti’ri’w da`rejesi.

Kelbetliktin` bul da`rejeleri bir-birinen formali’q jaqtan da, ma`nilik jaqtan da aji’rali’p turadi’. Biz to`mende wolardi’n` ha`r birine sa`ykes mi’sallar tiykari’nda tallaw jasaymi’z.

## 1. Jay da`reje

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` jay da`rejesi zatti’n` belgisin hesh qanday da`reje bildiriwshi qosi’mtalardi’n` ja`rdemisiz, dara turi’p, tu`bir so`z hali’nda bildirip turadi’. Ha`r bir na`rsenin`, zatti’n` qanday da bir ani’q belgisin kelbetliktin` jay da`rejesi bildiredi. Mi’sali’:

Woyaq-buyag`i’ bir aydi’n` ishinde barli’q qatnas qag`azlar **jan`a** atama menen qayta basi’ldi’, mo`r islendi. (M.Ni’zanov) Sebebi, wolardi’n` ta`biyati’ **na`zik** boladi’ (M.Ni’zanov). Sebebi, «baspashi’ kiyati’r» degen xabar shi’qkannan Yuldashti’n` **u`lken** qi’zi’ 15 jasar Enejan, Zayi’rdi’n` 14 jasar qi’zi’ Aymen juwi’ri’p bari’p iyshanni’n` u`yine bas panaladi’. (A`.Ta`jimuratov) Keltirilgen ga`plerde jan`a, na`zik, u`lken kelbetlikleri zatti’n` ha`r qi’yli’ belgilerin bildiredi. Wolar hesh qanday qosi’mtalar jalg`anbay, dara hali’nda, tu`bir so`z tu`rinde belgi ma`nisin bildirip kelgenlikten, kelbetliktin` jay da`rejesi boladi’.

## 2. Pa`seytiw da`rejesi

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` da`rejelerinin` biri pa`seytiw da`rejesi boli’p esaplanadi’. Pa`seytiw da`rejesi zatti’n` ren`in, tu`r-tu`sin, si’ni’n, sapasi’n ha`m basqa da ha`r qi’yli’ belgilerin pa`seytip ko`rsetedi. Jay da`rejeden, a`lbette, pa`seytiw da`rejesinin` bir qansha wo`zgeshelikleri bar. Bul wolardi’n` bir qansha morfologiyali’q ko`rsetkishlerine iye boli’p keliwinen ko`rinedi. Solay yetip, kelbetliktin` da`seytiw da`rejesi wo`zinin` morfologiyali’q jaqtan bildiriliwine iye boli’p, wolar to`mendegi morfologiyali’q ko`rsetkishler − qosi’mtalar boli’p yesaplanadi’:

**- G`i’sh/-gish, -i’s/-is qosi’mtalari’.** Tilde - g`i’sh/-gish, -i’s/-is qosi’mtalari’ ko`birek ren`di, tu`r-tu`sti bildiretug`i’n kelbetliklerge jalg`ani’p keledi. Wolar ren`di pa`s da`rejede si’patlaydi’. Mi’sali’:

**Qi’zg`i’sh** bir tartari’ wot qusap lawlap,

Jelbirer ko`rgennin` ko`z nuri’n awlap. (I.Yu)

**Sarg`i’sh** tartqan ju`zlerinen u`lken bir wo`kinish sezilip turatug`i’n edi. Bul mi’salda qi’zi’l, sarg`i’sh kelbetligi ren`nin` pa`seytiw da`rejesi boli’p yesaplanadi’.

**- G`i’lt qosi’mtasi’**

Qaraqalpaq tilinde - g`i’sh/-gish, -i’s/-is qosi’mtalari’ si’yaqli’ bul qosi’mta da ren`di, tu`r-tu`sti pa`seytip ko`rsetiw ushi’n xi’zmet yetedi. Mi’sali’: **Sarg`i’lt** shapani’ tozi’n`qi’rap, tu`sin joytqan eken.

**-Shi’l/-shil qosi’mtasi’**

Bul qosi’mta ju`da` wo`nimsiz qosi’mtalardi’n` biri boli’p, tek g`ana yeki kelbetlikte − ko`kshil, aqshi’l kelbetliklerinde ushi’rasadi’. Mi’sali’: Aspanda **ko`kshil** bultlar gezip ju`r.

**-Lti’m qosi’mtasi’** da − wo`nimsiz qosi’mtalardi’n` biri. Wol saralti’m, ashqi’lti’m, qaralti’m kelbetliklerinde ushi’rasadi’. Mi’sali’: Woni’n` ashqi’ldi’m da`mi awzi’mnan ketpedi. Qaralti’m tarti’p ketken ju`zinen ju`da` sharshag`anli’g`i’ ko`rinip turg`anday yedi.

**- Ildir qosi’mtasi’.** Bul qosi’mta menen ko`k kelbetliginen ko`gildir pa`seytiw da`rejesi jasaladi’. Tildegi wo`nimsiz qosi’mtalardan yesaplanadi’. Mi’sali’: **Ko`gildir** aspan qa`pelimde tu`nerip, qap-qara bultlar payda boli’p, du`sirlep jawi’n jawa basladi’.

**- Law/-lew qosi’mtasi’**

Qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` pa`seytiw da`rejesin jasaytug`i’n qosi’mtalardi’ − morfologiyali’q ko`rsetkishlerdi ko`rip o`ttik. Wolardi’n` ko`pshiligi tilde wo`nimsiz qollani’li’wi’ menen si’patlanadi’. Al, -law/-lew qosi’mtasi’ tilde wo`nimli qollani’ladi’.

- Law/-lew  qosi’mtasi’ kelbetliklerge qosi’li’p kelip, zatti’n`, na`rsenin` ko`leminin`, reninin`, sapasi’ni’n`, tu`r-tu`sinin` kemlik yamasa pa`slik da`rejesin ko`rsetedi. Wolardi’n` ja`rdeminde kelbetliktin` pa`seytiw da`rejesi  tilde yeki tu`rli jol menen jasaladi’:

1. Tiykar kelbetliklerge jalg`anadi’ ha`m kelbetliktin` pa`seytiw da`rejesin jasaydi’. Bunda tu`bir yag`ni’y sapali’q kelbetlik so`zlerge - law/-lew  qosi’mtasi’ qosi’li’p kelip, pa`seytiw da`rejesin jasaydi’. Mi’sali’:

… wol basi’n usladi’ ha`m woyg`a berilgeni yesine kelip tez ayti’wg`a asi’g`i’p, arqanday iyretilip ag`i’p turg`an shi’g`i’r salmani’ jag`alap, qatar qara tallardi’n` **to`menlew** shaqasi’na tiymeytug`i’n bolsa da basi’n iyip-iyip wo`tip, kelte baqay ayaqlari’n ken` adi’mlap ju`rip Allayar suwpi’ A`lawatdin iyshanni’n` u`yine  jetip bardi’. (A`.Ta`jimuratov) Bunda to`menlew pa`seytiw da`rejesin ra`wishtin` yemes, al kelbetliktin`  da`rejesi dep yesaplawi’mi’zdi’n` sebebi, wol is-ha`rekettin` emes, al zatti’n` belgisin bildirip tur.

2. Do`rendi kelbetliklerge jalg`anadi’ ha`m kelbetliktin` pa`seytiw da`rejesin jasaydi’. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zge jalg`ani’p kelip, bul qosi’mta arqali’ kelbetliktin` pa`seytiw da`rejesi jasaladi’. Mi’sali’:

**Bilimsizlew** jaqlari’n`di’,
Men aytpasam, kim aytadi’. (I.Yu.)

- Law/-lew  qosi’mtasi’ni’n` ja`ne bir wo`zgesheligi woni’n` pa`seytiw da`rejesi arqali’ jasalg`an pa`seytiw da`rejeli kelbetliklerge de jalg`ani’wi’nda ko`rinedi. Mi’sali’: aqshi’llaw, ko`gislew, sarg`i’shlaw ha`m t.b.

Pa`seytiw da`rejesin jasawda, solay yetip, ayi’ri’m qosi’mtalar wo`nimli, ayi’ri’mlari’ bolsa wo`nimsiz jumsaladi’.

### 3. Artti’ri’w da`rejesi

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zlerdin` basqa so`z shaqaplari’nan aji’rali’p turatug`i’n belgilerinin` birinen esaplang`an da`rejege iye boli’p keliwi woni’n` artti’ri’w da`rejesi arqali’ da ayqi’n ko`rinip turadi’. Artti’ri’w da`rejesi

zatti’n`, na`rsenin` sapali’q belgisinin` ekinshi bir zattag`i’, na`rsedegi sonday belgiden arti’q yekenligin bildiredi.

Artti’ri’w da`rejesi tilde yeki tu`rli jol menen jasaladi’:

1. Sintetikali’q forma

2. Analitikali’q forma

Artti’ri’w da`rejesinin` sintetikali’q formasi’ ku`sheytiw ma`nisindegi birinshi buwi’nni’n` ja`rdeminde jasaladi’. Mi’sali’: qi’p-qi’zi’l, sap-sari’, tap-taza, bip-biyik ha`m t.b.

Artti’ri’w da`rejesinin` sintetikali’q formasi’ni’n` ku`sheytiw ma`nisin bildiriliwi sonnan ibarat, bunda so`zdin` birinshi buwi’ni’na p sesinin` qosi’li’p ayti’ladi’ ha`m woni’n` da`slepki, birinshi komponent boli’p keledi. Yekinshi so`z bolsa sol kelbetliktin` toli’q formasi’ yesaplani’p, wol artti’ri’w da`rejesinin` yekinshi komponenti yesaplanadi’. Wol intensiv forma dep te ataladi’. Mi’sali’:

− A`neqalas … Qarli’g`ashti’n` qanati’nday qi’yi’lg`an **qap-qara** qaslari’na qaran`-a`y, **sup-suli’w** badam qabaqlari’ u`stine si’zi’p qoyg`anday-a`! (A`.Ta`jimuratov) **Bep-belgili**, uzaqtan ko`zge taslanadi’. (A`.Ta`jimuratov) Ku`nge ku`yip qarawi’tqan biyday ren`in ashi’p ko`rsetetug`i’n **appaq** marjanday tislerin ko`rsetip yekewi birden Enejan menen Aymennin` almaday **qi’p-qi’zi’l** ju`zlerine qarap ku`lisedi. (A`.Ta`jimuratov)

Bul mi’sallarda **qap-qara, sup-suli’w, bep-belgili, appaq, qi’p-qi’zi’l** kelbetlikleri artti’ri’w da`rejesinin` sintetikali’q formasi’ boli’p tabi’ladi’.

Soni’n` menen birge, qaraqalpaq tilindegi kelbetliktin` artti’ri’w da`rejesi sintetikali’q formasi’ni’n` ku`sheytiw ma`nisin bildiriliwi woni’n` ko`rkem shi’g`armalarda ha`r qi’yli’ maqsetlerde wo`nimli qollani’li’wi’na mu`mkinshilik beredi. Mi’sali’:

Biybigu`ldin`, Muratti’n` ha`m basqalardi’n` ku`n qaqqan ju`zleri **qap-qara** boli’p wo`zgerip ketti. (A`.Ta`jimuratov) A`ne, sonday on jigit bolsa, du`n`yani’ **du`p-du`ziw** yetiwge boladi’. (M.Ni’zanov) Bos sheleklerdi qollari’na ko`terip, biri qashi’p, biri quwi’p yeki bala menen **jep-jen`il** woynap-ku`lip juwi’ri’si’p

kiyati'rg`an Yenejan menen Aymenge Allayar suwpi' ma`shtey ko`zlerin tigip ja`ne qarap qaldi'. (A`.Ta`jimuratov)

Keltirilgen mi'sallardag`i' **qap-qara**, **du`p-du`ziw, jep-jen`il** kelbetlikleri artti'ri'w da`rejesin ko`rsetedi.

Tilde artti'ri'w da`rejesinin` sintetikali'q formasi' belgili bir fonetikali'q yamasa basqa da wo`zgeshelikler menen jumsala beredi. Mi'sali':

Wol ayag`i'ni'n` awi'rg`ani'na shi'damay hazarlani'p, awzi' ti'nbay Muratti'n` ati'n atap, **ja`p-jaman** g`arg`i's so`zler jawdi'ri'p barati'r. (A`.Ta`jimuratov) Lekin, wo du`n`yani'n` isleri de mudami' **taq-tuynaqtay** bola bermeytug`i'n qusaydi' g`o. (M.Ni'zanov)

Berilgen **ja`p-jaman, taq-tuynaqtay** artti'ri'w da`rejeli kelbetlikler basqa da seslik wo`zgeshelikler menen jumsala beredi.

Artti'ri'w da`rejesinin` analitikali'q formasi' tilde yeki tu`rli jol menen jasaladi':

1. Sapali'q kelbetliklerdin`, geypara jag`daylarda ayi'ri'm qatnasli'q kelbetliklerdin` aldi'nda ku`sheytiwshi ma`ni beretug`i'n yen`, ju`da`, ku`ta`, di'm, wog`ada, wog`i'ri', nayati'y, worasan ha`m t.b. si'yaqli' ku`sheytiw ra`wishlerinin` dizbeklesip keliwi menen jasaladi': wog`ada suli'w, di'm biyik, ju`da` jaqsi', nayati'y iri, yen` shi'rayli' ha`m t.b. Mi'sali':

Ku`nlerdin` bir ku`ninde y**en` aqi'rg`i'** qi'zi'qqa noqat qoyi'ldi'. (M.Ni'zanov) Biraq, bul qarag`an jag`a boyli' yelatta **yen` sharapatli'** iyshan wo`zin`iz, taqsi'r. (A`.Ta`jimuratov) Ha`mmesinen de woni'n` mi'na qayg`i'li' tu`ri **di'm ayani'shli'.** (Ye.Wo`tepbergenov)

2. Kelbetlik so`zlerdin` ta`kirarlani'p keliwinen jasaladi': biyik-biyik, suli'w-suli'w, taza-taza ha`m t.b. Mi'sali':

Qumar da wolardi'n` ha`r qaysi'si'n bir qushaqlap zar qaqsap **ashshi'-ashshi'** ji'ladi'. (Ye.Wo`tepbergenov) Qaladan **suli'w-suli'w** taza imaratlar boy tikledi. Tap-taza, mintazday, kiyimleri de jarasi'qli'.

Grammatikada: «v) tas tu`nek, qi’ppa taylaq, tas qaran`g`i’ si’yaqli’ turaqli’ so`z dizbekleri de artti’ri’w da`rejesi ma`nisinde qollani’ladi’» dep ko`rsetiledi.[8]

3. Ayi’ri’m turaqli’ so`z dizbekleri artti’ri’w da`rejesinin` ma`nisin bere aladi’. Mi’sali’: tastay qaran`g`i’, ti’rday jalan`ash ha`m t.b.

Awi’ldi’n` arasi’ **tas tu`nek.**

Qara botalaq **ti’r jalan`ash** balalar,

Uyi’qlap ati’r peshaxana ishinde. (I.Yusupov)

Solay yetip, qaraqalpaq tilinde kelbetliktin` artti’ri’w da`rejesi tilde yeki tu`rli jol menen yag`ni’y:

1. sintetikali’q forma;

2. analitikali’q forma arqali’ jasaladi’ ha`m joqari’da atap ko`rsetilip, tallaw jasalg`an wo`zgeshelikler menen qollani’ladi’. Wolardi’n` ha`r biri wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri menen si’patlanadi’.

## 4. Sali’sti’ri’w da`rejesi

Kelbetliktin` da`rejelerinin` biri − sali’sti’ri’w da`rejesi boli’p, wol bir zatqa, na`rsege ta`n bolg`an belgini, sapani’ yekinshi bir zatqa tiyisli bolg`an belgige, sapag`a sali’sti’ri’li’p ko`rsetiliwi arqali’ jasaladi’. Bul da`reje de wo`zinin` morfologiyali’q ko`rsetkishlerine iye boli’p keledi. Wolar - raq/ -rek, - i’raq/ -irek qosi’mtalari’ boli’p yesaplanadi’.

- Raq/ -rek, - i’raq/ -irek qosi’mtalari’ menen kelbetliktin` sali’sti’ri’w da`rejesi yeki tu`rli jol arqali’ jasaladi’:

1. Bul qosi’mtalar sapali’q kelbetliklerge jalg`anadi’. Mi’sali’: suli’wi’raq, kishirek, ti’g`i’zi’raq, jamani’raq.

---

[8] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994, 146-бет.

2. - Li’/-li, - si’z/-siz qosi’mtalari’ menen jasalg`an do`rendi kelbetliklerge jalg`anadi’. Mi’sali’: mazali’raq, ku`shsizirek, mayli’raq, bilimsizirek ha`m t.b.

Qaraqalpaq tilinde - raq/ -rek, -i’raq/ -irek qosi’mtalari’ menen kelbetliktin` sali’sti’ri’w da`rejesi wo`nimli jasaladi’. Mi’sali’: U`shinshi bir hayal – Allayar suwpi’ni’n` hayali’ Hinji wo`z gezeginde ti’ni’sh tura almay Xaliyda menen Hilalaydi’n` aytqanlari’nan da **ku`shlirek** ga`p tawi’p bi’lay dedi. (A`.Ta`jimuratov) Yekewinin` de boylari’ tal shi’bi’qtay wo`sipti, biraq Aymenge qarag`anda Enejan sa`l **uzi’ni’raq**, buran`lag`an belleri bir qi’si’m yeken. (A`.Ta`jimuratov)

Bul mi’sallarda **ku`shlirek, uzi’ni’raq** kelbetlikleri -li’/-li kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalari’ arqali’ jasalg`an do`rendi kelbetliklerdin` artti’ri’w da`rejesi boli’p yesaplanadi’.

Qaraqalpaq tilindegi beter ha`m bes beter so`zleri dara turi’p ha`m sali’sti’ri’w da`reje kelbetlikleri menen  kelip sali’sti’ri’w da`rejesin jasaydi’. Mi’sali’:  Mennen beter apam qatti’ quwandi’.

Solay yetip,  qaraqalpaq tilindegi belgilerdi sali’sti’ri’p ko`rsetiw ma`nisinde keletug`i’n sali’sti’ri’w da`reje kelbetlikleri wo`zinin` arnawli’ morfologiyali’q ko`rsetkishlerine iye boli’p keledi. Wolar sapali’q ha`m qatnasli’q kelbetliklerden sali’sti’ri’w da`rejesin jasaydi’.

## 1.4.Kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri

Qaraqalpaq tilindegi so`z shaqaplari’ni’n` arasi’nda kelbetlik so`zler sintaksislik wo`zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’.

Birinshiden, kelbetlikler, so`z dizbeklerinin` qurami’nda keledi. Bunda, so’z dizbeklerinin’ bag’ının’qı komponenti si’pati’nda kelip, bas yag`ni’y bag’ındırıwshı komponenttin’ ha’r qıylı belgilerin bildirip keledi. Bag`i’ndi’ri’wshi’ komponent penen intonatsiya arqali’ jupkerlesiw usılında baylanısadi’. Mi’sali’:  shi’rayli’ qi’z, taza jay, u`lken mektep, taza ko`ylek.

Yekinshiden, kelbetlikler ga`p ag`zasi’ni’n` xi’zmetin atqari’p keledi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler belgi ma`nisin bildirip, ga`p ishinde kelgende ha`r qi’yli’ ga`p ag`zalari’ni’n` xi’zmetin atqari’p keledi. Wolar ga`ptin` bas ag`zalari’ni’n` ha`m yekinshi da`rejeli ag`zalari’ni’n` xi’zmetin atqaradi’.

Kelbetlik ga`ptin` bas ag`zalari’ − baslawi’sh ha`m bayanlawi’sh xi’zmetlerin atqaradi’.

**1. Baslawi’sh** xi’zmetinde keledi. Bunda ko`binese, substantivlesedi. Mi’sali’: **U`lkeni** mektepte oqi’ydi’, **kishkenesi** yele balalar baqshasi’nda ta`rbiyalani’wshi’.

**Aqayaqlar** ayag`i’nan aqsasi’n,
**Tislewiktin`** tisi plasmass bolsi’n. (T.Ma`tmuratov)
«Piyada oqi’wg`a qatnar **kishkenem,**
Wog`an da mashina al» dep buyi’rmas. (I.Yusupov)

Kelbetliklerdin` ga’p ishinde substantivlesip baslawısh xızmetlerin atqari’wi’ − wo`nimli qubi’li’slardi’n` biri. Wolar naqi’l-maqallarda wo`nimli ushi’rasadi’. Mısalı:

**Aqmaq** aldi’ndag`i’ astan qashi’p,
Ashtan wo`ledi.
**Jaqsi’** menen ju`rdim,
Jettim muratqa.
**Jaman** menen ju`rdim,
Qaldi’m uyatqa.

**2. Bayanlawi’sh** xi’zmetinde keledi. Kelbetliktin bayanlawi’sh xi’zmetinde keliwi B.Utemuratovti’n` miynetinde so`z yetiledi. [9] Kelbetlik ga`pte ayti’lg`an woy-pikirdin` iyesinin` belgisin bildirip, ga`ptin` aqi’ri’nda kelip bayanlawi’sh xi’zmetin atqaradi’. Mi’sali’:

Talap islep tap du`n`yani’,
**Su`tten aqdur** bilsen` ani’. (Berdaq)
Sizin` Watani’n`i’z − pu`tkil jer ju`zi,
Jollari’n`i’z **ashi’q**, joqdur shegara. (T.Ma`tmuratov)

---

[9] Утемуратов Б.Қ. Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги баянлаўыштың структура-семантикалық түрлери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2013, 36-бет.

− Usi’ g`arri’lar **di’m qi’zi’q-ta,** ruw sorasi’p tap bizler menen quda bolayi’n dep ati’rg`anday, − dep ashi’wli’ gu`birlendi. (G.Tursi’nova) Wol da anaw Tilewmuratti’n` jalan`qaya qi’zlari’ galoshtay yetip ha`r qaysi’si’ bir kiyip sirlerin, wo`kshelerin qi’ysayti’p taslag`an − **di’m go`ne.** Ayi’ri’m jerleri **ji’rti’q ta**. (Ye.Wo`tepbergenov)

At bolatug`i’n tay si’ri’qqa **u`yir,**

Adam bolatug`i’n bala qonaqqa **u`yir.** (Naqi’l-maqallar)

Kelbetlik ga`p ishinde kelip, ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ni’n` xi’zmetin atqari’p keledi.

**1.** Kelbetlikler ga`p ishinde kelgende **pi’si’qlawi’sh** xi’zmetin de atqaradi’. Bunda wol feyil bayanlawıshtın’ aldında kelip, is-ha`rekettin` ha`r qi’yli’ belgilerin bildiredi ha`m pi’si’qlawi’sh ag`za boladi’. Mi’sali’: Wol mektepte de **jaqsi’** woqi’g`an yedi.

Pi’si’qlawi’sh xi’zmetinde, ko`binese, -day/-dey, -si’z/-siz qosi’mtalari’ arqali’ jasalg`an do`rendi kelbetlikler wo`nimli jumsaladi’. Mi’sali’: Muxammedov woni’ qoli’nan juli’p ali’p, stolg`a bir uri’p yedi, oshaqqa salatug`i’n **kespeltektey y**eki bo`lekke bo`lindi. (M.Ni’zanov)

Si’ri’mdi’ aytpadi’m si’ri’m an`basqa,

Jaqsi’ na`rselerge **u`nsiz** su`ysindim. (T.Ma`tmuratov)

Asqar **tawday** sezdim wo`zimdi,

Du`n`ya mag`an ja`nnet sezildi.

2. **Ani’qlawi’sh** xi’zmetinde keledi. Mi’sali’: Shen`gel tu`binde jati’rg`an qi’rg`awi’l emes, qi’zlardi’n` **qi’zi’l** shalg`i’shlari’ yekenin bayqap, birden ju`regi suwi’ldadi’, ku`nge ku`ygen ju`zinen shi’p-shi’p ter shi’g`i’p, tas to`besi shanshi’p-shanshi’p ketti. (A`.Ta`jimuratov) Biraq, Murat degen, anaw **o`jet** bala, Sarsen, qari’ndasi’ Biybigu`l u`shewi pishen woraqqa barmay wo`z basi’ni’n` paydalari’na ketti. (A`.Ta`jimuratov) Yen` bolmasa **ku`nlik** awqati’mi’zdi’ tabi’wg`a ha`reket yetpesek ashtan o`lip qalarmi’z, − dedim belleri bu`gilip ju`k tasi’p ju`rgen adamlardi’ ko`rsetip. (G.Tursi’nova)

Suli’wli’q − tawi’sti’n` ba`ri seniki,

Neteyin sa`ni joq **sensiz** du`n`yani’. (T.Ma`tmuratov)

**Si’nshi’l** du`n`ya qosi’p talay baslardi’,

Yesap-shot qaqqi’zi’p si’nar doslardi’. (I.Yu.)

**3. Toli’qlawi’sh** xi’zmetin atqaradi’. Bunda kelbetlikler substantivlesip keledi. Mi’sali’: Ha`r ba`le **miynetlige** tap boladi’. (A`.Ta`jimuratov) Maqtawi’n asi’ri’p, **sawatsi’zlardi’** to`ben`e ko`tergin` keledi. (G.Tursi’nova)

Sol jaqsi’ da`stu`rden sezemen o`zim,

Jer menen besiktin` **biybahali’g`i’n**. (T.Ma`tmuratov)

Ashshi’ menen **dushshi’ni’** tatqan biler,

Ali’s penen jaqi’ndi’ jortqan biler. (Naqi’l)

**Qaratpa** xi’zmetinde keledi. Mi’sali’: − Wo`shir u`nin`di, **qi’zi’l bet.** (G.Tursi’nova)

Solay yetip, kelbetlikler ga`p ag`zalari’ni’n` xi’zmetin atqari’w menen birge, ga`pte substantivlesip kelgende basqa da sintaksislik birlikler si’pati’nda qollani’ladi’.

## II Bap Kelbetlikti woqi’ti’w

Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdi’n` ani’q belgilengen bag`darlamasi’ qaysi’ klassta qanday materialdi’ woqi’ti’w za`ru`r yekenin ko`rsetedi, woqi’ti’wdi’n` aldi’nda turg`an talaplardi’, woqi’wshi’ iyeleytug`i’n ilimiy ha`m ta`rbiyali’q wazi’ypalari’n ani’qlaydi’, belgilengen materialdi’ woqi’wshi’lardi’n` do`retiwshilik penen wo`zlestiriwin ja`ne a`meliy jaqtan duri’s qollani’w ko`nlikpelerin qa`liplestiredi, woy-pikir, tu`siniklerin rawajlandi’ri’wg`a ken` mu`mkinshilik jaratadi’.

Qaraqalpaq tilinin` ayi’ri’m tarawlari’ woqi’wshi’g`a qospali’ yamasa quramali’ taraw si’pati’nda tu`siniledi yamasa qabi’l yetiledi. Ku`ndelikli qari’m-

qatnasta tildin` tiykarg`i’ birligi yesaplang`an ga`plerden paydalansa da, woni’n` qalay du`ziletug`i’ni’n sistemali’ tu`rde teoriyali’q jaqtan bilmewi mu`mkin. Wonda zatlardi’n` atamalari’n yamasa qanday da bir belgilerin bildiretug`i’n so`zlerdin` qatnasatug`i’n yele toli’q tu`sinbewi itimal. Sonday-aq, morfologiyani’n` so`z shaqaplari’ haqqi’ndag`i’ ilim yekenligi yamasa woni’n` grammatikani’n` bir tarawi’ yekeninen uli’wma xabardar bolsa da, ani’q bilimge iye bolmawi’ mu`mkin. Sonli’qtan mug`allim morfologiya pa`ninen kirisiw sabag`i’nda morfologiya haqqi’nda tu`sinik beriwden baslaydi’. Bunda mug`allim da`slep terminnin` tiykarg`i’ ma`nisin woqi’wshi’g`a toli’q tu`sindiriwi tiyis. Bunnan keyin so`z shaqaplari’na wo`tip baslaydi’.

Kelbetlik so`z shaqabi’n u`yretiw de mug`allimnen, o`z gezeginde, belgili bir talaplardi’ wori’nlawdi’, qi’yi’nshi’li’qlardi’n` sheshimin tabi’wdi’, sabaqta woqi’wshi’g`a an`sat ha`m qolayli’ bolg`an usi’llardi’ qollani’wdi’ talap yetedi.

Morfologiyada u`yreniletug`ın tiykarg`ı ma`selelerdin` biri so`z shaqapları boli’p yesaplanadi’. So`z shaqapları, bul − so`zlerdin` leksika-semantikalıq ha`m grammatikalıq toparları. Morfologiyada so`zlerdin` so`z shaqaplarına bo`liniwi, ma`nili ha`m ko`mekshi so`z shaqapları ha`r ta`repleme u`yreniledi.

Kelbetlik qaraqalpaq tilindegi wo`zine ta`n wo`zgeshelikleri ha`m da`reje kategoriyasi’na iye so`z shaqabi’, woni’n` sintaksislik xi’zmeti de ha`r qi’yli’ boli’p keledi. Woni’ woqi’wshi’larg`a tu`sindirgende woqi’ti’wshi’dan do`retiwshilik qatnas, sheberlik talap yetiledi.

Ha`zirgi da`wirde qaraqalpaq tilin mekteplerde oqi’ti’wda ha`r qi’yli’ metodlar qollani’ladi’. Qaraqalpaq tilinde bir qansha metodlardi’ «Kelbetlik» temasi’na baylani’sli’ da qollana beriwge boladi’. Bunda to`mendegi metod tu`rlerin ko`rsetiwge boladi’:

A) awi’zeki

B) ko`rgizbeli

V) a`meliy metodlar.

A) Awi’zeki metod − tu`sindiriw metodi’. Bul metod ha`zirgi waqi’tta barli’q bilim beriw wori’nlari’nda qollani’ladi’. Wol temani’n` tiykari’n ashi’p

beredi, woqi'wi'shlarda kelbetlik so`z shaqabi' haqqi'nda jan`a bilim ha`m woy-pikirlerdi payda yetedi. Balalardi' kelbetliktin` tu`rleri, basqa so`z shaqaplari'nan wo`zgeshelikleri menen tani'sti'ri'wda, wolardi' tu`sindiriwde, jan`a shi'ni'g`i'wlar islewde paydalani'wg`a boladi'.

Awi'zeki metodti'n` ja`ne bir tu`ri gu`rrin`lesiw boli'p, wol sa`wbetlesiw atamasi' menen de ju`ritiledi. Sa`wbet − soraw-juwap formasi'nda wo`tkeriletug`i'n usi'l. Mug`allim tema boyi'nsha materialdi' tu`sindirgennen keyin woni' woqi'wshi'ni'n` qalay wo`zlestirgenin ani'qlaydi'. Bunda mug`allim kelbetlik temasi' boyi'nsha materialdi' wo`zlestiriw, woqi'wshi'lar wo`z pikirin ayta ali'wi', yerkin so`ylewi si'yaqli' qa`siyetlerdi rawajlandi'radi'. Buni' mug`alim sabaq son`i'nda paydalanadi'.

Ko`rgizbeli metod kelbetlikti wo`tkende jaqsi' na`tiyje beredi. Wol barli'q klasslarda shi'ni'g`i'wlardi' wo`tkende paydalani'ladi'. Ko`rgizbe pu`tkil klassqa yamasa woqi'wshi'g`a baylani'sli' paydalani'la beredi. Ko`rgizbelilik a`sirese, kishi jastag`i' balalar ushi'n jaqsi' ja`rdem beredi. Bul − kelbetliktin` ma`nisi boyi'nsha tu`rlerin woqi'ti'wda qolayli'

«Woqi'wshi'larg`a kelbetliklerdi u`yretiwde, tiykari'nan, soraw-juwap, gu`rrin`, tu`sindiriw, leksika-grammatikali'q tallaw, analiz-sintez usi'li', morfologiyali'q tallaw, shi'ni'g`i'w boyi'nsha wo`z betinshe jumi'slar, sabaqli'q u`stinde islew, ko`rsetpelilik (keste, sxema, mi'sallar) t.b. sali'sti'rmali'li'q usi'llari'nan ken`nen paydalani'wi'mi'z za`ru`r. A`lbette, bul metodikali'q usi'llardi'n` anaw ya mi'naw tu`rin sabaqta wo`tiletug`i'n temani'n` ha`m wondag`i' islenetug`i'n a`meliy jumi's tu`rlerinin` mazmuni' menen ko`lemine qaray tan`lani'p qollani'ladi'»[10].

Kelbetlik so`zlerdi wo`tkende mug`allim woni'n` barli'q leksika-semantikali'q ha`m leksika-grammtikali'q wo`zgesheliklerin ayti'p tu`sindiriwi tiyis. Kelbetlik so`z shaqabi'ni'n` yen` si'patli' belgilerine tiykarg`i' di'qqatti' awdara biliwi tiyis.

---

[10] Қутлымуратов Б., Кенжебаева Т. Қарақалпақ тили морфологиясын оқытыў усыллары. Нөкис, «Билим», 1996, 51-бет.

Mug`allim jan`a materialdi’ wo`tiwde wo`zi ta`repinen aldi’n ala puxta tayarlani’lg`an ko`rsetpe quraldi’ taxtag`a ildirip, woni’n` ishinen kelbetlik so`zlerdi tapti’ri’p, wolardi’n` sorawlari’n qoydi’ri’wi’, wolardi’ ani’qlawi’ ushi’n mu`mkinshilik payda yetip beriwi kerek. Soraw-juwap tu`rinde kelbetliktin` tiykarg`i’ ayi’rmashi’li’qlari’n ani’qlawg`a boladi’.

Sabaqta mug`allim woqi’wshi’lardi’n` aldi’na to`mendegi wazi’ypalardi’ men`geriwdi qoyadi’:

− kelbetlik so`zlerdi basqa so`z shaqaplari’nan aji’rata biliw;

− kelbetlikke ta`n ayi’rmashi’li’qlardi’ basqa so`z shaqaplari’na ta`n belgilerden duri’s aji’rata biliw;

− kelbetliktin` leksika-grammatilkali’q wo`zgesheliklerin biliw;

− kelbetlik penen ra`wishtin` ayi’rmashi’li’g`i’n duri’s parqlaw;

− kelbetliktin` tu`rlerin biliw;

− kelbetliktin` jasali’wi’n biliw;

− kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetlerin u`yreniw ha`m t.b.

Teoriyali’q bilim menen ko`nlikpe payda yetiw arqali’ bir neshe shi’ni’g`i’wlar ja`rdeminde mug`allim sabaqta woqi’wshi’lardi’n` usi’ ayi’rmashi’li’qlardi’ parqlawi’na di’qqat awdaradi’.

Uli’wma, qaraqalpaq tili grammatikasi’ni’n` morfologiya tarawi’nda barli’q so`z shaqaplari’ u`yreniletug`i’n bolsa, wolardi’n` arasi’nda kelbetlik so`z shaqabi’n mekteplerde u`yreniw de a`hmiyetli wori’n tutadi’. A`lbette, tilde ha`r bir so`z shaqabi’ni’n` worni’, atqaratug`i’n xi’zmetleri bar. Usi’ si’yaqli’ kelbetlik so`zler de atli’q ha`m feyil so`zler si’yaqli’ woy-pikirdi bildiriwde, ga`p du`ziwde u`lken wori’n iyeleydi. Wolar woy-pikirdi basqa jetkeriwde, bildiriwde si’patlawshi’ xi’zmet atqaradi’. Soni’n` ushi’n da, kelbetliklerdi duri’s ha`m teren` u`yreniw, woni’ wo`zlestriiw na`tiyjesinde woqi’wshi’lardi’n` bilim ha`m ko`nlikpeleri qa`liplesedi. Wolardi’n` awi’zsha ha`m jazba til bayli’g`i’ rawajlani’p baradi’, woy-pikirin basqag`a jetkerip beriwde a`hmiyetli wori’n tutadi’. Soni’n` menen birge, basqa so`z shaqaplari’n, wog`an belgili bir ta`repi menen uqsas

yamasa jaqi’n bolg`an atli’q, kelbetlik, feyil, soni’n` ishinde, kelbetlik feyildi u`yreniwine, duri’s tu`siniwine tiykar boladi’.

Kelbetlik mekteptin` 5-klasslari’nda u`yrenilgende, baslawi’sh klasslarda kelbetliklerdin` zatti’n` belgisin bildiretug`i’n so`z yekeni, wolardi’n` atli’q so`zlerdin` aldi’nda turi’p dizbeklesip keletug`i’ni’, qanday?, qaysi’? sorawlari’na juwap beretug`i’ni’ haqqi’nda alg`an bilimlerin ja`ne de ken`eytedi. Bul klassta kelbetliktin` leksika-semantikali’q wo`zgeshelikleri ja`ne grammatikali’q ayri’qshali’qlari’ boyi’nsha a`dewir qospali’ bolg`an teoriyali’q bilimlerdi iyeleydi. Bunnan kelip shi’g`atug`i’n na`rse, kelbetlikti u`yretiwdegi tiykarg`i’ maqset − kelbetliktin` leksikali’q ma`nileri, morfologiyali’q wo`zgeshelikleri − jasali’wi’, da`rejeleri, sintaksislik xi’zmetleri boyi’nsha teoriyali’q bilim beriw ha`m a`meliy ko`nlikpe payda yetiwden ibarat. Soni’n` menen birge, woqi’wshi’lardi’n` kelbetlikti basqa so`z shaqaplari’nan − atli’q, sanli’q, feyil, a`sirese, kelbetlikke jaqi’n bolg`an kelbetlik feyil menen ra`wishten qi’ynalmastan ayi’ri’p biliwine tiykar jarati’w boli’p yesaplanadi’. Yekinshi ta`repten, kelbetliktin` si’n-si’mbat, ren`-tu`s, qa`siyet ha`m t.b. si’yaqli’ zatlardi’n` ha`r qi’yli’ si’nli’q, sapali’q belgilerin bildiriwi, wo`zine ta`n jasali’w usi’llari’ menen so`z jasawshi’ qosi’mtalardi’n` bolatug`i’ni’, ga`pte qanday da bir sintaksislik xi’zmet atqari’p keletug`i’nli’g`i’ boyi’nsha ko`nlikpe qa`liplestiriw za`ru`r.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi

Respublikali’q woqi’w metodikali’q worayi’

Uli’wma bilim beriw mekteplerinde Ana tili pa`ninen

# Ma`mleketlik bilimlendiriw standartlari’ ha`m woqi’w bag`darlamalari’

5-9-klasslar

No`kis − 2010

5-klass ushi’n oqi’w bag`darlamasi’ to`mendegi belgilengen ( 12-bet).

Woqi’w bag`darlamasi’

(ha`ptesine 5 saatttan, ji’l boyi’na 170 saat)

Kelbetlik ( 19 saat)

Kelbetliktin` ma`nisi, belgilerin bildiriwi ja`ne grammatikali’q belgileri, kelbetliktin` quri’li’si’ boyi’nsha tu`rleri, dara ha`m qospa kelbetlikler ( 3 saat)

Kelbetliktin` jasali'wi', qosi'mtalar arqali' jasali'wi' ( 4 saat)

Kelbetliktin` atli'q worni'na qollani'li'wi' (zatlasi'wi') (1 saat)

Qospa kelbetlikler ha`m wolardi'n` jazi'li'wi' (3 saat)

Sinonim ha`m antonim kelbetlikler (2 saat)

Kelbetliktin` da`rejeleri ha`m wolardi'n` jasali'wi' ( 4 saat)

Kelbetliktn` artti'ri'w ha`m sali'sti'ri'w da`rejeleri

Kelbetliktn` da`reje jasaytug`i'n qosi'mtalari' ha`m wolardi'n` jazi'li'wi'

Kelbetliktin` sintaksislik xi'zmeti. Kelbetliktin` ga`pte ani'qlawi'sh ha`m bayanlawi'sh xi'zmetin atqari'p keliwi (3 saat)

Ta`kirarlaw (2 saat)

Biz pitkeriw qa`nigelik jumi'si'mi'zda usi' woqi'w bag`darlamasi'ndag`i' yen` u`lken temalardi' − kelbetliktin` jasali'wi'n, da`rejelerin ha`m sintaksislik xi'zmetlerin woqi'ti'w ma`selelerin so`z yetiwdi maqul dep tapti'q. Kelbetlikti u`yretiwdegi basqa da kishi temalardi' woqi'ti'wda usi' temalardi' woqi'ti'w ushi'n ko`rsetilgen talaplardi', usi'llardi', metodlardi', materiallardi' paydalani'wg`a boladi'. Uli'wma, biz wo`zimizdin` pitkeriw qa`nigelik jumi'si'mi'zda kelbetlikti woqi'ti'wdi' woni'n` jasali'wi'n, da`rejelerin ha`m sintaksislik xi'zmetlerin woqi'ti'w tiykari'nda so`z yetiwdi maqset yetip belgiledik. Qalg`an temalar da usi' temalar arqali', wolar menen baylani'sli', usi' temalardi' wo`tkende paydalani'lg`an usi'llar ja`rdeminde woqi'ti'li'wi'na boladi'.

## 2.1. Kelbetliktin` jasali'wi'n woqi'ti'w

Qaraqalpaq tili pa`ni mug`allim ushi'n da, woqi'wshi' ushi'n da «Kelbetliktin` jasali'wi'» temasi'n wo`tiw basqa tu`rlerine sali'sti'rg`anda a`dewir quramali' ha`m qospali'raq jumi's boli'p yesaplanadi'. Buni'n` sebebi, kelbetlikler tek atawi'sh so`zlerden jasalmastan, feyil so`zlerden de jasala beredi. Soni'n` menen birge, kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar da ko`p ha`m ha`r qi'yli'. Usi' sebepten, wolar ha`r qi'yli' ma`nilerdi de bildiredi. Mine usi' qospali' temani' mug`allim sheberlik penen balag`a u`yretiwi kerek. Bunda woqi'wshi'g`a bilim beriwde da`slep qosi'mtasi'z turg`an tu`bir kelbetlik so`zdin` wo`zinin` an`latatug`i'n ma`nisin ani'qlap ali'w kerek, keyninen qosi'mta qosi'lg`annan keyin payda bolatug`i'n ma`nisi ani'qlawi' tiyis. Wolardi'n` ma`nilerin sali'sti'ra woti'ri'p mug`allim do`rendi kelbetliktin` ma`nisin woqi'wshi'g`a tu`sindirip beredi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler ha`r qi'yli' usi'llar menen jasaladi'. Wolar tek so`z jasawshi' qosi'mtalar menen jasali'p qalmastan, so`zlerdin` bir-biri menen dizbeklesip yamasa ta`kirarlani'p bolmasa juplasi'p keliwi arqali' da jasaladi'. Wolardi' jasawda belgili bir so`z shaqaplari' wo`nimli qatansadi'. Bul so`z shaqaplari'ni'n` ishinde, a`sirese, atli'q, feyil, soni'n` menen birge, kelbetlik so`zlerdin` wo`zinen de jasalatug`i'ni' ayti'ladi'. Da`slepki sabaqta barli'q qosi'mtalardi' ayti'w sha`rt emes, bunda woqi'wshi' qi'ynaladi', wolardan tek yen` wo`nimli qollani'latug`i'n qosi'mtalardi' tallap ko`rsetiw jaqsi' na`tiyje beredi. Bunda, ko`birek, kelbetlik jasawshi' qosi'mtalardi'n` ma`nilerin tu`sindiriw wog`ada za`ru`rli, bunda wolardi'n` jazi'li'wi' da ayti'p wo`tiledi.

Woqi'wshi'g`a kelbetlik jasawshi' qosi'mtalardi'n` ma`nilerin tu`sindiriwde da`slep kelbetlik boyi'nsha 4-klassta alg`an bilimlerin yeske tu`siriw kerek. Sonnan keyin wog`an baylani'sti'ri'p jan`a temani' baslaw za`ru`r. Do`rendi kelbetliklerdi tu`sindiriwde aldi'nnan tayarlang`an ko`rgizbeli qurallardi' paydalani'w na`tiyjeli ha`m waqi't jag`i'nan da uti'mli' boladi'. Bunda da`slep

kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar, keyin atli'qtan ha`m feyilden jasali'wi' ha`r qi'yli' ren`ler menen bo`lip ko`rsetilse, woqi'wshi'g`a tu`sinikli boladi'. Keyin wolardi' mi'sal menen ko`rsetip tu`sindirip beriwine boladi'.

| Kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar | Atli'qtan jasali'wi' | Feyilden jasali'wi' |
|---|---|---|
| -li'/-li | sana-li' | |
| -si'z/-siz | uqi'p-si'z | |
| -day/-tey | bala-day | |
| -shaq/-shek | kewil-shek | |
| -shi'l/-shil | iyis-shil | |
| -li'q/-lik | awi'l-li'q | |
| -awi'q/-yewik | | baqi'r-awi'q |
| -g`i'r/-gir | | al-g`i'r |

Bunda mug`allim ko`rsetpeli quralda berilgen ha`r bir mi'sal boyi'nsha jumi's islewi kerek. Wolardi'n` ha`r birin wo`z aldi'na bo`lek-bo`lek ali'p tallap, da`slepki tu`bir so`z benen qosi'mta qosi'li'w arqali' payda bolg`an da`slepki so`z benen payda bolg`an do`rendi kelbetliktin` ma`nisin sali'sti'rmali' tu`rde tu`sindirip beriwi tiyis. Mug`allim bunda mi'na na`rsege ayri'qsha itibar qarati'wi' lazi'm − woqi'wshi' kelbetlik jasawshi' qosi'mta jalg`ani'wi' menen payda bolg`an kelbetlikti tu`bir kelbetlik penen sali'sti'ri'p, do`rendi kelbetliktin` ma`nisi woni' jasag`an tu`bir kelbetliktin` ma`nisi menen baylani'sli' yekenin, sonnan kelip shi'g`atug`i'ni'n, zatti'n` qanday da bir si'nli'q, sapali'q, ren`, qa`siyet ha`m t.b. belgilerin bildiretug`i'ni'n tu`sinip ali'wi' tiyis.

Solay yetip, kelbetliktin` jasali'wi'n tu`sindirgende belgili bir sabaq jobasi' tiykari'nda sabaq jobalasti'ri'li'wi' kerek.

**Tema: Kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar**

**Kelbetliktin` jasali'wi', qosi'mtalar arqali' jasali'wi' ( 4 saat)**

**Sabaqti'n` maqseti: w**oqi'wshi'larg`a kelbetliktin` jasali'wi', kelbetlik jasawshi' qosi'mtalar ha`m wolardi'n` ma`nileri boyi'nsha teoriyali'q bilim beriw ha`m a`meliy ko`nlikpe payda yetiw.

**Sabaqti'n` jobasi':**

1. U`y tapsi’rmasi’n soraw

2. Jan`a materialdi’ bayanlaw

3. Kelbetlik so`zlerge awi’zsha tu`sinik beriw

4. Do`retiwshilik shi’ni’g`i’w

5. Sabaqti’ juwmaqlaw ha`m u`yge tapsi’rma beriw.

**Sabaqti’n` bari’si’:**

Sabaqta aldi’n`g`i’ sabaqta wo`tilgen tema boyi’nsha sorawlar berilip, tiyisli ma`seleler ani’qlanadi’. Bunnan son` taxtag`a bu`gingi sa`ne ha`m sabaqta wo`tiletug`i’n tema jazi’ladi’. Bunda woqi’wshi’larg`a ha`r qi’yli’ sorawlardi’ «aqi’li’y hu`jim» metodi’ arqali’ berip ko`rip, wolardi’n` sabaqqa di’qqati’n awdari’wg`a, pikirlerin ani’qlawg`a boladi’.

1. Kelbetlikler qanday qosi’mtalari’ arqali’ jasaladi’.

2. Kelbetlikler qaysi’ so`z shaqaplari’nan jasaladi’?

3. Do`rendi kelbetlik qanday ma`nilerdi bildiredi ha`m t.b.

Bunda mug`allim wo`tiletug`ni’ materialdi’ ha`r qi’yli’ slaydlar tu`rinde tayarlawi’ mu`mkin yamasa ko`rseppeli qurallardan paydalani’wi’ mu`mkin.

Kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar

| **-day/-dey,-tay/-tey** | **-shaq/-shek** | **-shi’l/-shil** | **-li’q/-lik** |
|---|---|---|---|
| anam-**day**<br>u`kem-**dey**<br>kitap-**tay**<br>yertek-**tey**<br>Mi’sali’: *Wol mag`an **anamday** jaqi’n.* | ashi’w-**shaq**<br>yerin-**shek**<br>qi’zg`an-**shaq**<br>Mi’sali’:<br>*Maqset − **ashi’wshaq** bala.* | iyis-**shil**<br>wo`zim-**shil**<br>kir-**shil**<br>Mi’sali’:<br>*Qutli’ayaq − **iyisshil** ku`shik.* | awi’l-**li’q**<br>worta-**li’q**<br>ka`sip-**lik**<br>Mi’sali’:<br>*Men **awi’lli’q** mektepte woqi’yman.* |

Kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar

| **-las/-les** | **-i’y/-iy** | **-g`i’sh/-gish** | **-awi’q/-yewik** |
|---|---|---|---|

| | | | |
|---|---|---|---|
| is-**les** | ma`den-**iy** | bil-**gish** | baqi’r-**awi’q** |
| klass- **las** | a`deb-**iy** | si’n-**g`i’sh** | su`ze-**wik** |
| qon`si’- **las** | qi’yal-**i’y** | si’z-**g`i’sh** | tisle-**wik** |
| Mi’sali’: *Wol − menin`* ***klasslas*** *dosti’m.* | Mi’sali’: *Men* ***qi’yali’y*** *yerteklerdi oqi’di’m.* | Mi’sali’: *Men kitap, da`pter,* ***si’zg`i’sh*** *sati’p aldi’m* | Mi’sali’: *Menin`* ***tislewik*** *ku`shigim bar.* |

Solay etip, mug`alllim yendi balalarg`a bul kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalardi’n` ma`nilerin tu`sindiriwge wo`tedi. Mi’sali’, -day\-dey qosi’mtasi’ zatlardi’n` belgilerin bir-birine sali’sti’ri’w, usati’w, ten`ew ma`nilerin bildirse, -shaq/-shek, - shi’l/-shil, -g`i’sh/-gish qosi’mtalari’ arqali’ jasalg`an kelbetliklerdin` si’nli’q belgini bildirip kelip, qanday da bir na`rsege beyimlilikti bildiretug`i’ni’n, al -las/-les, -li’q/-lik qosi’mtalari’ wori’n ha`m waqi’tqa baylani’sli’ kelbetliklerdi jasaytug`i’ni’n, -i’y/-iy qosi’mtasi’ qanday da bir zatqa tiyislilik belgini bildiretug`i’ni’n ayti’p, tu`sindirip beredi. Soni’n` menen birge, mug`allim -biy, -na/-na` qosi’mtalari’ni’n` so`zdin` aldi’nda turi’p do`rendi kelbetlik jasaytug`i’ni’n mi’sallar menen tu`sindiredi. Mi’sali’: biyguna − gunasi’z, biytalap − talapsi’z, naguman − gumansi’z, biyma`ni − ma`nissiz kelbetliklerinde qanday da bir na`rsenin` joqli’g`i’n bildirip, -si’z/-siz kelbetligi menen sinonim bolatug`i’ni’n ko`rsetedi, bunda -si’z/-siz kelbetlik jasawshi’ qosi’mtasi’ni’n` ma`nilerinin` de usi’nday yekenligi qosa tu`sindiriledi.

Bul materiallardi’ teoriyali’q jaqtan woqi’wshi’g`a toli’q ha`m duri’s jetkerip beriwde ha`r qi’yli’ usi’llardan − soraw-juwap, gu`rrin`, sali’sti’ri’w, ko`rsetpelilik usi’llari’nan sheberlik penen paydalani’wi’ mu`mkin. Bunnan keyin jan`a materialdi’ woqi’wshi’lardi’n` qalay tu`singenin, wo`zlestirgenin ani’qlaw maqsetinde to`mendegidey bir neshe soarwlardi’ beriw arqali’ ani’qlawi’na boladi’:

1. Kelbetlikler qalay jasaladi’?
2. Kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar bar ma? Wolar − qaysi’lar?
3. Qaysi’ so`z shaqaplari’nan kelbetlik wo`nimli jasaladi’?
4. Atli’qtan kelbetlik jasawshi’ qanday qosi’mtalardi’ bilesiz?
5. Feyilden kelbetlik jasawshi’ qosi’mtalar − qaysi’lar?

6. Qosi’mtalar arqali’ jasalg`an kelbetlikler ne dep ataladi’?

7. Do`rendi kelbetlikke mi’sallar keltirin`.

Bul sorawlardi’ ja`mlestirip mug`allim awi’zsha juwaplar alg`annan keyin wo`tilgen temani’ bekkemlew maqsetinde shi’g`i’w isletiwge wo`tse boladi’. Shi’ni’g`i’wdi’ mug`allim qadag`alap tekserip baradi’. Keyin tiyisli bahasi’n qoyadi’.

## 2.2 Qospa kelbetliklerdi oqi’ti’w

Mug`allim bul temani’ wo`tkende qospa kelbetliklerge de woqi’wshi’lardi’n` di’qqati’n awdaradi’. Qospa kelbetliktin` do`rendi kelbetlikten wo`zgesheligin a`piwayi’ yetip tu`sindirip beriwi kerek, bunda tablitsadan paydalansa boladi’.

| Dara kelbetlikler | Qospa kelbetlikler |
|---|---|
| **aqi’lli’** (bala) | **uzi’n boyli’** (qi’z) |
| **bilimli** (oqi’wshi’) | **biyday ren`li** (adam) |
| **su`zewik** (bug`a) | **qara ko`kshil** (bult) |
| **sarg`i’sh** (ko`ylek) | **woyli’-shuqi’rli’** (ati’zli’q) |

Bul kelbetlikti bo`lek jazdi’ri’p tu`sindirgennnen keyin qospa kelbetliklerge wo`z aldi’na toqtap tu`sindiriwi kerek. Bunda qospa kelbetliktin` yeki yamasa u`sh jay so`zden qurali’p, bir ma`nini an`latatug`i’ni’n, zatti’n` qanday da bir ren`, si’n, sapa ha`m t..b belgisin bildiretug`i’ni’n mi’sallar jazi’p ko`rsetiw menen tu`sindiredi. Qospa kelbetliktin` jasali’w usi’li’ boyi’nsha tu`rlerin − birikpegen qospa kelbetlikti ha`m jup kelbetlikti tapti’ri’p, wolardi’ bag`ana si’zi’p yeki jag`i’nan bo`lek ko`shirip jazdi’ri’wi’na boladi’. Bunda mug`allim mi’naday mi’sallardan paydalansa boladi’: qi’zi’l shi’rayli’, ashi’q ju`zli, irili-maydali’, apali’-sin`lili ha`m t.b. Bul mi’sallar menen qospa kelbetlikti tu`sindirip bergennen keyin, wo`z betinshe jumi’s islewge wo`tiw kerek. Bunda woqi’wshi’g`a sabaqli’qta berilgen shi’ni’g`i’wlardan paydalani’p qospa kelbetliklerdi tapti’ri’w

jaqsi’ na`tiyje beredi. Woqi’wshi’ wo`zi ani’qlag`an qospa kelbetliktin` neshe so`zden turg`ani’n, qanday ma`ni an`latatug`i’ni’n ayti’p beriwi kerek.

Solay yetip, woqi’wshi’ni’n` qospa kelbetlik haqqi’nda alg`an bilim ha`m ko`nlikpelerin ani’qlap alg`annan keyin, berilgen mi’saldan yamasa sabaqli’qtan qospa kelbetliktin` tu`rlerin ayi’ri’p jazdi’rtsa boladi’. Bunda aq quba, sari’ ala, woyli’-shuqi’rli’, mayda-shu`yde, aq kewil ha`m t.b. mi’sallardan paydalansa boladi’.

Mug`allim woqi’wshi’ni’n` wo`tilgen temani’ wo`zlestirgenin ani’qlap temani’ bekkemlep bolg`annan keyin u`y tapsi’rmasi’n berip, woni’n` sha`rtin tu`sindirip beredi. Keyin woqi’wshi’lardi’n` tu`sinbegen sorawlari’ bolsa juwap beredi. Sonnan keyin woqi’wi’shlar menen xoshlasi’p, sabaqti’n` tamamlang`ann yeskertip sabaqti’ juwmaqlaydi’.

## 2.3. Kelbetliktin` da`rejelerin woqi’ti’w

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik qorshag`an wortali’qtag`i’ zatlardi’n`, qubi’li’slardi’n` ha`r tu`rli sapasi’n, tu`r-tu`sin, belgisin bildirip keliwi menen aji’rali’p turadi’. Bunda kelbetlik so`zler ba`rqulla bir qi’yli’ si’nli’q qa`siyetti bildirip kelmesten, ha`r qi’yli’ da`rejeler arqali’ bildiredi. Zat ha`m na`rselerdin`, qubi’li’slardi’n` ha`r qi’yli’ belgilerin, qa`siyetlerin ko`rsetiw ushi’n mug`allim sabaqta ha`r qi’yli’ usi’llardan paydalani’wi’na boladi’. Yeger sol zatlardi’n` wo`zi bar bolsa wo`zin, bolmasa woni’n` su`wretin de ren`i, belgisi, qa`siyeti menen plakatlarda ko`rsetiwine boladi’. Buni’n` ushi’n mug`allim usi’ belgiler ko`rsetilgen ko`rgizbeli qural tayarlawi’ maqul. Woqi’wshi’lar usi’ zatlardi’ ko`z benen ko`rip, wolardi’n` belgilerin bir-biri menen sali’sti’radi’, wolardi’n` wo`z-ara wo`zgesheliklerin, ayi’rmashi’li’qlari’n aji’ratadi’. Bunda mug`allim kelbetliktin` da`rejelerin wo`zine ta`n ma`nilik wo`zgesheligi, jasali’w jollari’ arqali’ tu`sindirip beredi. Bunda bir neshe si’patli’ mi’sallardan paydalani’wi’ kerek.

Mug`allim kelbetliktin` da`rejelerin so`z yetkende yen` da`slep jay da`reje haqqi’nda qi’sqasha tu`sinik beredi, sonnan keyin wog`an sali’sti’ri’w ha`m

artti'ri'w da`rejelerin sali'sti'ri'p ko`rsetedi. Buni'n` ushi'n mug`allim tablitsalardi'n` ja`rdeminen paydalani'wi' mu`mkin. Bunda wo`tilip ati'rg`an sabaqti'n` materiali'na, temani'n` si'pati'na qaray ko`rsetpeli qurallardi' tan`law maqsetke muwapi'q keledi. Taza temani' tu`sindirgende ha`r qi'yli' usi'llardi'n` na`tiyjeliligi sabaqti'n` materiali'n woqi'wshi'ni'n` duri's wo`zlestiriwine sebepshi boladi'.

«Texnikali'q qurallardi' paydalani'wdi'n` a`hmiyeti, birinshiden, woqi'wshi'lar bilimdi ti'yanaqli' ha`m bekkem wo`zlestiriwine sebepshi boladi'. Texnikali'q qurallardi' paydalani'w arqali' wo`zlestirilgen bilim toli'q yeste saqlanadi', qi'zi'g`i'wshi'li'g`i' artadi', ta`rbiyali'q ta`siri ken` ha`m effektli boladi', yekinshiden, mug`allimnin` jumi'si' ko`lemi jag`i'nan ken`, mazmuni' teren` xarakterge iye boladi'».[11]

Mug`allim kelbetliktin` u`sh da`rejesin tablitsada ko`rsetip beriwine boladi'.




[11] Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 63-бет.

Kelbetliktin` u`sh tu`rli da`rejege iye bolatug`i’ni’n ayti’p tu`sindirip bergennnen keyin mug`allim ha`r bir da`rejenin` wo`zgesheligin ko`rsetip beredi.

Jay da`reje tu`bir yamasa do`rendi so`z tu`rinde keletug`i’n kelbetlikler arqali’ bildiriletug`i’ni’n mi’sallar menen ko`rsetip beredi. Mi’sali’:

1. U`yimizdin` qasi’nda **taza** mektep sali’ndi’.

2. Menin` **u`lken** ag`am − woqi’ti’wshi’.

3. Woni’n` **qi’zi’qli’** kitabi’ bar.

**4. Bilimli** balalar − bizin` maqtani’shi’mi’z ha`m t.b.

Yendi usi’ jay da`reje menen sali’sti’ri’p sali’sti’ri’w da`rejesin tu`sindirip beredi. Bunda mi’naday tablitsadan paydalani’w maqsetke muwapi’q keledi.

| **Kelbetlik Jay da`reje** | **Salıstırıw da`reje jasawshı qosımtalar** | **Salıstırıw da`reje** |
|---|---|---|
| taza | -raq/-rek | taza-**raq** |
| qi’zi’l | -i’raq/irek | qi’zi’l-**i’raq** |
| ko`k | -shi’l/-shil | ko`k-**shil** |
| sari’ | -g`i’sh/-gish | sar**-g`i’sh** |
| biyik | -law/-lew | biyik-**lew** |
| boz | -g`i’lt/-gilt | boz-**g`i’lt** |
| sari’ | -g`i’lti’m/-giltim | sar-**g`i’lti’m** |

Kelbetliktin` u`sh da`rejesin bir-biri menen sali’sti’ri’p wo`tiw kerek. Soni’n` ushi’n wolardi’ sali’sti’ri’p ayi’rmashi’li’g`i’n ko`rsetiwde ko`rsetpeli qural za`ru`r. Buni’n` ushi’n artti’ri’w da`rejeni de tablitsa tu`rinde ko`rsetiw maqsetke muwapi’q boladi’.

**KELBETLİKTİN` DA`REJELERİ**

| **JAY DA`REJE** | **Arttırıw da`reje jasawshı qosımtalar** | **ARTTIRIW DA`REJE** |
|---|---|---|
| ba`lent | di’m | di’m ba`lent |
| suli’w | ku`ta` | ku`ta` suli’w |
| jaqsi’ | wog`ada | wog`ada jaqsi’ |
| biyik | ju`da` | ju`da` biyik |
| azada | yen` | yen` azada |
| qara | shi’m | shi’m qara |
| qi’zi’l | qi’p- | qi’p-qi’zi’l |
| taza | tap- | tap-taza |

qara qap- qap-qara

Demek, mug`allim kelbetliktin` da`rejeleri tu`sindirgende de itibarli’li’q penen wolardi’ bir-biri menen sali’sti’ri’p woqi’wshi’g`a mi’sallar menen tu`sindirip beriwi kerek.

Kelbetliktin` jasali’wi’ temasi’na sali’sti’ri’p qarag`anda kelbetliktin` da`rejeleri temasi’n wo`tiw mug`allim ushi’n da, woqi’wshi’ ushi’n da ju`da` quramali’ yesaplanbaydi’. Kelbetlik temasi’ wo`tilgende woqi’wshi’lar kelbetliktin` da`rejeleri ha`m wolardi’ jasaytug`i’n qosi’mtalar haqqi’nda da`slepki yamasa uli’wmali’q mag`li’wmatlarg`a iye, da`slepki teoriyali’q materiallar menen tani’s. Usi’g`an baylani’sli’ woqi’wshi’g`a mug`allim qi’yi’nshi’li’qsi’z belgili bir qosi’mtalardi’n` ja`rdeminde jasalg`an kelbetlik da`rejelerinin` basqa bir zatlardag`i’ si’nli’q ya sapali’q belgilerden arti’q yamasa kem yekenligin tu`sindirip beredi. Bunda woqi’wshi’ni’n` wo`zi de mug`allim menen birge shi’ni’g`i’w islep mi’sallar menen tani’satug`i’n bolg`anli’qtan yerkin yaki bolmasa ayri’qsha qi’yi’nshi’li’qlarsi’z tu`siniwine mu`mkinshilik boladi’. Buni’n` ushi’n mug`allim kelbetlik da`rejelerin ga`p ishinde keltirip tu`sindiriwi tiyis. Mi’sali’: Bizin` mektep **taza** / Bizin` mektep **tazaraq** / Bizin` mektep **di’m taza**. Bunda taza kelbetligi an`latqan belgi wo`- ara sali’sti’ri’li’p, birinshi ga`pte tazali’q belgi a`piwayi’, jay tu`rde ko`rsetilse, yekinshisinde wonnan taza yekeni sali’sti’ri’ladi’, al u`shinshi ga`pte bolsa wol yekewinen de taza yag`ni’y di’m taza yekeni ko`rsetilip, bunnan zatlardi’n` belgileri usi’nday ha`r qi’yli’ da`rejede keletug`i’ni’ ayqi’n boladi’. Woqi’wshi’ sabaq bari’si’nda mine usi’ na`rseni tu`sinedi.

A`lbette, ha`r bir sabaq si’yaqli’ «Kelbetliktin` da`rejeleri» temasi’n wo`tkende de sabaqti’ jobalasti’ri’w maqsetke muwapi’q boladi’.

**Tema:** Kelbetliktin` da`rejeleri

**Sabaqti’n` maqseti:** Kelbetliktin` da`rejeleri tuwrali’ teoriyali’q bilim beriw menen birge a`meliy ko`nlikpeler payda yetiw

**Sabaqti’n` jobasi’:**

1. U`y tapsi’rmasi’n soraw

2. Jana materialdi’ bayanlaw

3. Kelbetlik so`zlerge awi’zsha tu`sinik beriw

4. Do`retiwshilik shi’ni’g`i’w

5. Sabaqti’ juwmaqlaw ha`m u`yge tapsi’rma beriw.

**Sabaqti’n` bari’si’:**

Sabaqti’n` bari’si’, a`dettegishe, u`y tapsi’rmasi’n sorawdan baslanadi’. Bunda mug`allim berilgen shi’ni’g`i’wdi’ na`wbetshi yamasa basqa bir oqi’wshi’ arqali’ ani’qlap, shi’ni’g`i’wdan berilgen do`rendi kelbetlikti ani’qlap, studenlerge baha qoyadi’.

Jan`a materialdi’ bayanlawda mug`allim tu`rli ko`rsetpeli qurallardan, sabaqli’qtan, taxtadan ja`ne ha`r qi’yli’ usi’llardan paydalanadi’. Buni’n` ushi’n to`mendegidey ko`rsetpeli quraldan paydalani’wi’ mu`mkin.

**KELBETLİKTİN` DA`REJELERİ**

| **JAY DA`REJE** | **SALISTIRIW DA`REJE** | **ARTTIRIW DA`REJE** |
|---|---|---|
| u`lken | u`lkenirek | di’m u`lken |
| bilimli | bilimlirek | ju`da` bilimli |
| ko`k | ko`kshil | wog`ada ko`k |
| suli’w | suli’wi’raq | di’m suli’w |

Uli’wma, mug`allim kelbetliktin` qaysi’ da`rejesin tu`sindirse de wolardi’ basqasi’na sali’sti’ri’p, ga`p du`zip, wolardi’ ga`p ishinde belgileri menen qosa ani’qlap, ko`rsetip, tu`sindirip beriwi kerek. Bunda tu`bir yamasa do`rendi so`zge da`reje jasawshi’ qosi’mtalar qosi’lg`anda ju`z beretug`i’n seslik wo`zgerislerde de ayti’p wo`tiwi tiyis.

Sabaqti’ bekkemlewde woqi’wshshi’lardi’n` temani’ qanday da`rejede tu`singenin, wo`zlestirgenin biliw, ani’qlaw maqsetinde soraw-juwap metodi’nan paydalansa boladi’. Buni’n` ushi’n mug`allim to`mendegidey sorawlardi’ woqi’wshi’larg`a beredi:

1.Kelbetliktin` da`rejesi degen ne?

2. Kelbetliktin` neshe da`rejesi bar? Wolar − qanday?

3. Jay da`reje degen ne?

4. Sali’sti’ri’w da`reje qanday qosi’mtalar arqali’ jasaladi’?

5. Artti’ri’w da`reje jasawshi’ qosi’mtalarg`a qaysi’ qosi’mtalar kiredi?

6. Kelbetlik da`rejelerinin` bir-birinen wo`zgeshelikleri qanday?

7. Mi’sallar keltirin`.

Bul sorawlarg`a mug`allim awi’zsha juwaplar alg`annan keyin wo`tilgen temani’ a`meliy jaqtan ja`ne de bekkemlew maqsetinde sabaqli’qtan shi’ni’g`i’w isletiwine boladi’. Shi’ni’g`i’wdi’ mug`allim qadag`alap tekserip baradi’, bahalaydi’. U`y tapsi’rmasi’n berip, oqi’wshi’lar menen xoshlasi’p sabaqti’ juwmaqlaydi’.

## 2.4. Kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetlerin woqi’ti’w

Mektepte kelbetlikti woqi’tqanda woni’n` ga`p ag`zasi’ si’pati’nda ga`p ishinde kelgende atqaratug`i’n sintaksislik xi’zmetlerin u`yretiw de a`hmiyetli wori’n iyeleydi. Woqi’wshi’ wo`z pikir, woylari’n yerkin du`ziwde ha`r bir so`z shaqabi’n ga`pte paydalani’wdi’ jaqsi’ biliwi tiyis. Bunda kelbetliktin` ga`ptegi bas ag`zalar ha`m yekinshi da`rejeli ag`zalardi’n` xi’zmetin atqari’wi’ndag`i’ wo`zgesheliklerdi tu`sindiriw lazi’m.

**Kelbetliktin` ga`ptin` bas ag`zalari’ xi’zmetinde keliwin woqi’ti’w**

Qaraqalpaq tilinde ga`ptin` bas ag`zasi’ − baslawi’sh penen bayanlawi’sh.

Ga`ptin` bas ag`zasi’ bolg`an baslawi’sh ga`ptin` kim ya ne haqqi’nda ayti’lg`ani’n bildirip keletug`i’n ag`za boli’p yesaplanadi’. Baslawi’sh zatli’q ug`i’mdi’ an`lati’p, ataw sepligindegi so`zler arqali’ is-ha`rekettin` iyesin bildirip keledi. Kim? ne? kimi? nesi? si’yaqli’ sorawlarg`a juwap beredi.

**Kelbetliktin` baslawi’sh xi’zmetin oqi’ti’w**

Kelbetlikler ga`ptin` bas ag`zalari’ni’n` xi’zmetin atqari’p keledi. Bunda wolar, tiykari’nan, substantivlesip keledi. Ko`binese, wo`zinin` belgi ma`nisine qosa zat ma`nisin bildirip kelgen kelbetlikler ga`ptin` baslawi’shi’ boli’p keledi.

Woqi’wshi’g`a baslawi’sh haqqi’nda tu`sinik berip, usi’ ag`zani’n` kelbetlik so`z shaqabi’ arqali’ bildiriliwin tu`sindiriwge boladi’. Kelbetlik baslawi’sh xi’zmetinde kelgende tu`bir ha`m do`rendi kelbetlikler arqali’ bildiriledi. Demek, atli’qsi’z kelbetliktin` wo`zi turi’p, atli’q worni’na baslawi’shti’n` xi’zmetin atqaradi’. Bunda qaraqalpaq xali’q naqi’l-maqallari’nan paydalani’w jaqsi’ na`tiyje beredi. Mi’sali’:

**Bati’r (kim?)** bir ret wo`ledi, **qorqaq (kim?)** mi’n` ret wo`ledi. **Wo`nerli (kim?)** qor bolmaydi’. (Naqi’llar) Bul so`zlerdin` adamdi’ da, woni’n` belgisin de birge bildirip kelip baslawi’sh boli’p turg`anli’g`i’n woqi’wshi’g`a tu`sindirip wo`tiw kerek. Demek, bul mi’salda bati’r, qorqaq, wo`nerli kelbetlikleri qanday? degen sorawg`a juwap berip, belgi ma`nisin yemes, al kim? degen sorawg`a juwap berip adam ma`nisin bildirip tur. Solay yetip, tu`bir kelbetlikler de (bati’r) do`rendi kelbetlikler de (qorq-aq, o`ner-li) baslawi’sh xi’zmetinde keledi.

Usi’lay yetip, woqi’wshi’larg`a taxtada jumi’s islep mi’sallar jazi’p tu`sindiriw jaqsi’ na`tiyje beredi. Sonday-aq, slaydlar arqali’, sabaqli’qta berilgen shi’ni’g`i’wlar arqali’ woqi’wshi’lardi’n` kelbetliktin` baslawi’sh xi’zmetinde keliwi haqqi’ndag`i’ tu`siniklerin, bilim da`rejesin ken`eytiwge ha`reket yetiw za`ru`r. Temani’ bekkemlew ushi’n «Soraw sizge» usi’li’nan paydalani’wg`a boladi’.

Bunda sebetshege ha`r qi’yli’ miywe ha`m pali’z wo`nimlerinin` su`wretin si’zi’p, woni’ qi’yi’p sali’p, arti’na mi’sallar jazi’p, woqi’wshi’lardi’n` bilim da`rejesin tekserip ko`riwge boladi’. Woqi’wshi’lardi’n` ha`r birine usi’ sebetsheden miywe, wo`nimlerdi ali’wdi’ tapsi’ri’p, wog`an tiyisli sorawlardi’ beriwge boladi’. Duri’s ha`m ani’q juwap bergen balalardi’ bahalap bari’w kerek. Mi’sallardag`i’ kelbetliklerdin` qaysi’ ga`p ag`zasi’ si’pati’nda kelgenin soraw kerek. So`ytip, oqi’wshi’lardi’ tallawg`a da u`yretiwge boladi’.

Mi’sal retinde to`mendegidey kelbetliklerdin` sintaksislik xi’zmetin ani’qlawg`a boladi’:

**Wo`nerli** maqsetine jetedi.

**Jaqsi’lar** ko`p.

**Bilimliler** jari’sqa qatnasadi’.

Bunda woqi’wshi’lar wolardi’n` qaysi’ ag`zani’n` xi’zmetinde kelgenin, woni’n` qanday sorawg`a juwap beretug`i’n ha`m t.b. ayti’p beredi ha`m sol kelbetlik haqqi’nda mag`li’wmatqa iye boladi’.

«Soraw sizge» usi’li’ arqali’ woqi’wshi’lardi’n` kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri, soni’n` ishinde, baslawi’sh xi’zmetinde kelgenligin qalay tu`singenin, wo`zlestirgenin ani’qlawg`a, biliwge boladi’. Demek, bunda woqi’wshi’ wo`zinin` sabaqli’g`i’nda berilgen qag`i’ydag`a su`yenip pikirlerin bildiredi, aljasqan jeri bolsa tu`sinedi. Bunday usi’llardi’ paydalang`anda hesh bir woqi’wshi’ da shette qalmaydi’. Sabaqqa qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ artadi’. Wog`an qatnasi’p woti’ri’wg`a ha`reket yetedi. Bulardi’n` ba`ri woqi’wshi’ni’n` woy-pikirin wo`siriwge xi’zmet yetedi. Bul usi’l menen kelbetliktin` basqa da sintaksislik xi’zmetlerin ani’qlawg`a boladi’. Bul usi’l «aqi’li’y hu`jim» metodi’na jaqi’n keledi.

**Kelbetliktin` bayanlawi’sh xi’zmetin woqi’ti’w**

Da`slep woqi’wshi’g`a bayanlawi’shti’n` qanday ag`za yekenligi, bas ag`za si’pati’nda ga`pte atqaratug`i’n xi’zmeti, qanday sorawlarg`a juwap beretug`i’ni’, ga`ptin` qaysi’ worni’nda keletug`i’ ayti’p wo`tiledi. Bunnan son` bayanlawi’shti’n` ha`r qi’yli’ so`z shaqaplari’ arqali’ morfologiyali’q jaqtan bildiriletug`i’ni’ atap wo`tiledi. Keyin mug`allim kelbetlik so`zlerdin` de baslawi’sh si’yaqli’ ga`ptin` bas ag`zasi’ yesaplang`an bayanlawi’sh xi’zmetinde de keletug`i’ni’n tu`sindiredi. Bunda mug`allim to`mendegidey mi’sallardan paydalansa boladi’.

Bul ten`izdin` suwi’ − **ashshi’ (qanday?).**

Mektep bag`i’ gu`llerge **toli’ (qanday?).**

Klass woqi’wshi’lari’ bu`gin **ju`da` quwani’shli’ (qanday?).**

Sol kitap ju`da` **qi’zi’q (qanday?).**

Bul mi’sallardi’ woqi’wshi’larg`a «Tu`sindiriw» usi’li’ menen jetkerip beriwge boladi’. Soni’n` menen birge, bul temani’ wo`tkende kelbetliktin` bayanlawi’sh xi’zmetin atqari’wi’n woqi’wshi’li’lardi’n` sanasi’nda rawajlandi’ri’w maqsetinde ja`ne bekkemlep bari’w maqsetinde «Blits-sorawnamasi’» interaktiv shi’ni’g`i’wi’nan paydalani’wg`a boladi’. Bul sorawnama ushi’n to`rt ketekshe si’zi’ladi’, ishine mi’sallar jazi’ladi’, juwaplari’ ha`m keyninen juwmaq beriledi.

Bul shi’ni’g`i’wdi’ wo`tkeriw ushi’n woqi’wshi’lardi’ u`sh yamasa to`rt toparg`a bo`lip, wolarg`a «Blits-sorawnamasi’» qag`azlari’ tarqati’ladi’ ja`ne sha`rti waqti’, bahalaw wo`lshemi tu`sindiriledi.

Bul interaktiv shi’ni’g`i’w to`mendegishe ali’p bari’ladi’. Birinshi ketekshede sorawlardi’n` yag`ni’y mi’sallardi’ jaylasti’ri’w ta`rtibi, yekinshisine mi’sallar jazi’ladi’. U`shinshi ketekshede woqi’wshi’lardi’n` juwaplari’, to`rtinshisinde juwmaq yamasa na`tiyje jazi’ladi’.

| № | Mi’sallar | Juwaplar (bar, joq) | Juwmaq |
|---|---|---|---|
| 1 | Bul ten`izdin` suwi’ – **ashshi’.** | bar | Kelbetlik ga`pte bayanlawi’sh boli’p keledi. |
| 2 | Muratti’n` kitabi’ taza. Bizin` mektebimiz taza ha`m biyik. | bar | Ga`pte kelbetlik bar. Bul ga`pte taza, biyik kelbetlikleri bayanlawi’sh. Kelbetlik ga`pte bayanlawi’sh boli’p keledi. |
| 3 | Woni’n` qi’zi’qli’ kitaplari’ ko`p. | joq | Bul ra`wish, kelbetlik emes. |
| 4 | Gu`lba`ha`rdin` u`kesi ele **ju`da` kishkene.** | bar | **Ju`da` kishkene** – kelbetlik, qanday degen sorawg`a juwap berip bayanlawi’sh boli’p tur. |

Woqi’wshi’ yekinshi ketekshede berilgen mi’salllar boyi’nsha bayanlawi’sh xi’zmetinde kelgen kelbetlik so`zlerdi ani’qlaydi’. Bunda mi’salda kelbetliktin` bayanlawi’sh xi’zmetinde keliwi bar bolsa bar yekenin, joq bolsa joq yekenin belgilep ketedi. Sonnan keyin tapsi’rmani’ wori’nlap bolg`an son` toparlardi’n` qag`azlari’n ji’ynap, na`tiyjesi menen tani’sti’ri’p, duri’s, ani’q juwap bergen woqi’wshi’lardi’ bahalap, topar ag`zalari’nni’n` qalay qatnasqanli’g`i’n atap wo`tiw kerek. Bul interaktiv shi’ni’g`i’wdi’ ha`r bir mug`allim ha`r qi’yli’ do`retiwshilik qatnas penen paydalani’wi’na boladi’, yag`ni’y mi’sal ya bolmasa sorawlar beriwi mu`mkin.

«Blits-sorawnamasi’» interaktiv shi’ni’g`i’wi’n wo`tkeriwdin` a`hmiyeti sonnan ibarat, bunda woqi’wshi’lardi’ yerkin pikirlewge ha`m pikirin da`liyllewge u`yretedi, wo`z pikirin yemin-yerkin ayta ali’w uqi’pli’li’g`i’n qa`liplestiredi. Bul mi’sallardan kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetlerin tabi’w maqsetinde mug`allimnin` aytqanlari’n yadqa tu`siredi, bul demek, woqi’wshi’ni’n` yadi’n rawajlandi’ri’wg`a da xi’zmet yetedi.

«Blits-sorawnamasi’» shi’ni’g`i’wi’nda ha`r bir woqi’wshi’ wo`z pikirlerin ayti’wi’na boladi’, pikirin ayti’w mu`mkinshiligi beriledi. Bul, a`lbette, woqi’wshi’da qi’zi’g`i’wshi’li’q payda yetedi, sabaqtan jali’qti’rmaydi’.

**Kelbetliktin` ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ xi’zmetinde keliwin woqi’ti’w**

Qaraqalpaq tilinde ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’na ani’qlawi’sh, toli’qlawi’sh, pi’si’qlawi’sh kiredi. Usi’ haqqi’nda ayti’p wo`tip mug`allim kelbetliktin` ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ni’n` xi’zmetinde keliwin tu`sindiredi.

**Kelbetliktin` ani’qlawi’sh xi’zmetin woqi’ti’w**

Mug`allim woqi’wshi’g`a kelbetliktin` ani’qlawi’sh xi’zmetinde ju`da` wo`nimli ha`m ko`p qollani’latug`i’ni’n ayri’qsha atap ko`rsetip tu`sindirip beriwi kerek. Kelbetliktin` ani’qlawi’sh xi’zmetinde keliwin woqi’ti’wda mug`allim ha`r qi’yli’ metodlardan paydalani’wi’na boladi’. Bunday usi’llardan, metodlardan

paydalani’wdi’n` na`tiyjesinde sabaq woqi’wshi’larg`a ju`da` qi’zi’qli’ ha`m yeste qalarli’qtay boli’p wo`tedi.

Kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetin mug`allim klaster usi’li’nan paydalani’p tu`sindiriwi, bunda ani’qlawi’shti’ da ko`rsetiwi mu`mkin.




Kelbetliktin` ga`pte ani’qlawi’sh xi’zmetin atqari’wi’n bir neshe mi’sallar menen tu`sindiriwine boladi’: Bag`da **qi’zi’l, sari’ ha`m suli’w (qanday?) gu`ller** bar. Menin` kishkene **(qanday?)** u`kem bar. Anam mag`an qi’zi’q **(qanday?) yertek ayti’p berdi.** Woqi’wshi’ **keshegi (qaysi’?)** tapsi’rmani’ wori’nladi’. Ali’stan **uzi’n boyli’ (qanday?)** adam ko`rindi. Bul mi’sallardan kelbetliktin` ani’qlawi’sh si’pati’ndag`i’ sintaksislik xi’zmetlerin tu`sindirip bolg`annan keyin, temani’ «romashka» metodi’ arqali’ bekkemlewge boladi’. Bunda woqi’wshi’lar menen jeke islesiwge mu`mkinshilik boladi’. Sebebi, bul metodta toparlar arasi’nda jumi’s ali’p bari’lmaydi’. Ha`r bir woqi’wshi’g`a bir romashka gu`linen tarqati’p shi’g`i’ladi’ ha`m temag`a baylani’sli’ kelbetliktin` ani’qlawi’sh xi’zmetinde keliwien woqi’wshi’lardi’n` wo`zleri mi’sallar tawi’p jazadi’. Tapsi’rmani’n` sha`rtin tu`sindirip, woqi’wshi’ni’n` tu`sinbegen sorawlari’na juwap beriw kerek.

«Romashka» metodi’ arqali’ woqi’wshi’lardi’n` woylaw, pikirlew qa`biletin rawajlandi’ri’wg`a boladi’, soni’n` menen birge woqi’wshi’ni’n` jeke wo`zinin` u`stinde islewine tu`rtki boladi’, mu`mkinshilik beredi. Bul metodtan paydalani’p woqi’wshi’ni’n` temani’ qalay wo`zlestirgenin biliwge boladi’. Tapsi’rmani’n` wori’nlani’wi’ menen romashka gu`llerin ji’ynap ali’p, wolarg`a talalw jasap, kimnin` kalay wori’nlag`ani’n aji’rati’p ko`rsetiw bahalaw kerek. Eger de tu`sinbegen woqi’wshi’ bolsa taxtada ja`ne jazi’p ko`rsetip tu`sindiriwge boladi’. Demek. bul metodti’n` a`hmiyeti sonda, tu`sinbegen woqi’wshi’ni’ ani’qlawg`a ha`m wog`an qosi’msha tu`sindirip beriwge mu`mkinshilik boladi’.

**Kelbetliktin` toli’qlawi’sh xi’zmetin woqi’ti’w**

Kelbetlikler ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari’ni’n` biri bolg`an toli’qlawi’shti’n` da xi’zmetin atqaradi’. Toli’qlawi’sh is-ha`reketti zatli’q ma`nide tu`sindiretug`i’n yekinshi da`rejeli ag`za yekeni haqqi’nda ayta kelip mug`allim woqi’wshi’g`a kelbetlik te toli’qlawi’sh xi’zmetin atqaratug`i’ni’n tu`sindirip beredi. Bunda mi’naday mi’sallardan paydalansa boladi’.

**Ashshi’ menen dushshi’ni’ (neni?)** tatqan biler,

**Ali’s penen jaqi’ndi’ (neni?)** jortqan biler.

Jamannan (kimnen?) qash, jaqsi’g`a (kimge?) jantas. (Naqi’l-maqallar)

Xali’q **wo`nerlini** (kimdi?) hu`rmet etedi.

Mug`allim kelbetliktin` toli’qlawi’sh xi’zmetin atqari’wi’ ushi’n substantivlesip keletug`i’ni’n atap ko`rsetiwi tiyis.

Bul temani’ woqi’ti’wda, bizin`she, «haywanatlar a`lemi» usi’li’nan paydalani’wg`a boladi’. Bunda mug`allim ha`r qi’yli’ haywan ha`m ja`nliklerdin` su`wretinin` arti’na sorawlar jazi’p qoyadi’. Bul su`wretlerdi plakatka ildirip, plakati’ tahtag`a qi’sti’ri’p qoyadi’. Mug`allim klassta kishi toparlardi’ du`zip, wolardi’n` ha`r birinen bir woqi’wshi’dan shaqi’ri’p, sorawlarg`a juwap beriwin soraydi’. Juwap bergen woqi’wshi’lardi’ jetonlar menen bahalawg`a boladi’. Bul jetonlardi’ sanap, wolardan qi’zi’l ( 5 ), ko`k ( 4), sari’ ( 3 ) bahalari’n sanap, ani’qlap na`tiyjesi menen tani’sti’ri’p bahalaw kerek. Bul usi’l balalardi’

shaqqanli'qqa u`yretiw menen birge wolardi'n` bilim da`rejesin ani'qlawg`a ja`rdem beredi, yeste saqlaw qa`biletin de rawajlandi'radi'.

**Kelbetliktin` pi'si'qlawi'sh xi'zmetin woqi'ti'w**

Kelbetlik zatti'n` belgisin bildirip ani'qlawi'sh bolsa, is-ha`rekettin` belgisin bildirip kelgende pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaradi'. Mug`allim usi' pikirdi atap wo`tip, kelbetliktin` is-ha`rekettin` si'nli'q, sapali'q belgilerin ko`rsetip kelgende pi'si'qlawi'sh xi'zmetin atqaratug`i'ni'n mi'sallar menen tu`sindiredi. Bunda mi'naday ga`plerden paydalansa boladi'.

Wol jumi'slari'n **u`nsiz** (qalay?) isley berdi.

Murat **jaqsi'** (qalay?) woqi'ydi'.

Sol qi'z kitaplari'n ju`da` **taza, azada** tutadi'.

Solay yetip, mug`allim kelbetliktin` ga`ptin` bas ag`zalari' menen yekinshi da`rejeli ag`zalari'ni'n` xi'zmetinde keliwin usi'layi'nsha sa`ykes ha`m na`tiyjeli usi'llardan paydalani'w arqali' tu`sindirip beredi, woqi'wshi'ni'n` bilimin jan`a materiallar menen bayi'ti'p baradi'.

Demek, kelbetliktin` sintaksislik xi'zmetlerin woqi'ti'w da qaraqalpaq tilinin` morfologiyasi'n woqi'ti'wdag`i', atap aytqanda, kelbetliklerdi woqi'ti'wdag`i' a`hmiyetli ma`selelerdin` biri boli'p, wol sintaksis tarawi' menen ti'g`i'z baylani'sli' ali'p bari'ladi'.

## Juwmaq

Bizin` pitkeriw qa`nigelik jumi'si'mi'zda qaraqalpaq tilindegi atawi'sh so`z shaqaplari'ni'n` biri kelbetlik so`zlerge tallaw jasaldi' ja`ne kelbetliktin` ayi'ri'm temalari'n woqi'ti'wg`a baylani'sli' usi'llar, metodlar so`z yetildi ha`m soni'n` na`tiyjesinde to`mendegi juwmaqlar ali'ndi'.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler − ha`r qi'yli' sapani', belgini bildiretug`i'n so`z shaqabi'. Wol tildin` barli'q tu`rdegi qari'm-qatnas formalari'nda jiyi

paydalani’la beredi. Wolar zatti’n`, qubi’li’sti’n`, waqi’yani’n` qanday da bir belgisin bildiredi. Ko`rkem a`debiyatta shi’g`arma qaharmanlari’n, personajlardi’, basqa da qus, haywan, wo`simlikler du`n`yasi’n si’patlawda ko`rkem-su`wretlewshilik xi’zmet atqaradi’.

Quri’li’si’ jag`i’nan kelbetlikler tu`bir ha`m do`rendi so`z tu`rinde keledi. Kelbetliklerdin` jasali’wi’nda ha`r qi’yli’ so`z jasawshi’ usi’llar bar. Wolar − to`mendegiler.

1. Affiksatsiya usi’li’ − so`z jasawshi’ qosi’mtalar arqali’ jan`a ma`nidegi kelbetlik so`zler jasaladi’. 2. So`z qosi’li’w usi’li’. Bunda bir so`z benen yekinshi so`zdin` qosi’li’si’wi’nan do`rendi kelbetlikler jasaladi’. 3. Leksika-semantikali’q usi’l. Bulna so`zler formasi’n o`zgertpesten tek ma`nilik jaqtan kelbetlikke wo`tedi (ad`ektivatsiya).

Kelbetlikler affiksatsiya usi’li’ arqali’ to`mendegi so`z shaqaplari’nan jasaladi’: 1. Atawi’sh so`zlerden jasaladi’; 2. Feyil so`zlerden jasaladi’.

Affiksatsiya usi’li’ menen atawi’sh so`zlerden jasalg`an kelbetlikler atawi’sh tiykarli’ kelbetlikler dep ataladi’ ha`m olar **-li’/-li**, **- si’z/-siz**, **- li’q/-lik** , **- tay/-tey, - day/-dey**, **-qar/-ker**, **- g`i’/-gi, -qi’/-ki,** - **shi’l/-shil**, **- las/-les** , **-biy/na**, **- dar, - i’y/-iy, -** i’/-i qosi’mtalari’ arqali’ jasaladi’.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler feyil so`zlerden to`mendegi qosi’mtalar arqali’ jasaladi’: **- kir/-gir, -qi’r/-kir**, **-qi’n/-kin, -g`i’n/-gin**, **- shaq/-shek**, **-qaq/-kek, -g`aq/-gek, -aq/-yek, -i’q/-ik, -q/-k**, **- kesh**, - m**a/-me, -ba/-be, -pa/-pe, -i’n/-in, -g`i’sh/-gish, -qi’sh/-kish** wo`nimli ha`m wo`nimsiz qosi’mtalari’ni’n` qosi’li’wi’ menen jasaladi’.

**Kelbetliktin` so`z qosi’li’w usi’li’ arqali’** so`zlerdin` biri-birine qosi’li’wi’ arqali’ da jasalg`anda to`mendegi tu`rlerge bo`linedi:

1. Sostavli’ kelbetlikler; 2. Jup kelbetlikler;

3. Ta`kirar kelbetlikler; 4. Birikken kelbetlikler

Bul kelbetliklerdin` jasali’wi’nda wo`zine ta`n wo`zgeshelikler bar.

**Sostavli' kelbetliklerdin`** wo`zine ta`n jasali'w usi'llari'na iye, wolar to`mendegi usi'llardan ibarat: 1. So`z qosi'li'wi'; 2. So`z qosi'li'wi' ha`m affiksatsiya; 3. Leksika-sintaksislik usi'l − leksikalizatsiya

Kelbetlikler so`z qosi'li'wi' usi'li' menen jasalg`anda atli'q+atli'q, kelbetlik+atli'q ha`m t.b. si'yaqli' tiplerde ushi'rasadi'.

Kelbetlikler so`z qosi'li'wi' usi'li' ha`m so`z jasawshi' affiksler arqali' jasaladi'**.** Ayi'ri'm so`z dizbeklerinin` leksikalasi'wi'nan jasaladi'. Sonday-aq, kelbetliktin` analitikali'q formadag`i' artti'ri'w da`rejesi de sostavli' kelbetlik dep qaraladi'.

**Jup kelbetlikler −** qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zlerdin` biri**.** Bunda ma`nileri bir-birine qarama-qarsi' yamasa jaqi'n bolg`an kelbetlik so`zler juplasadi'. **Ta`kirar kelbetlikler** kelbetlik so`zlerdin` ta`kirarlani'p qollani'li'wi'nan jasaladi'. **Birikken kelbetlikler** yeki so`zdin` birigiwinen jasali'p, olardi'n` qurami'ndag`i' so`zlerdin` ma`nileri de tu`sinikli boli'p keledi, wolardi' birikkken kelbetliktin` qurami'nan an`sat tabi'wg`a boladi'.

Solay yetip, sostavli', jup, ta`kirar ha`m birikken kelbetlikler so`z qosi'li'wi' usi'li' menen jasalg`an kelbetlikler boli'p yesaplanadi'.

**Leksika-semantikali'q usi'ldi'n` b**asqa usi'llardan tiykarg`i' ayi'rmashi'li'g`i' sonda − so`z wo`zinin` formasi'n wo`zgertpesten turi'p kelbetlikke wo`tip ketedi. Wol ad`ektivatsiya dep te ataladi'. Ko`binese, -g`an/-gen, -qan/-ken formali' kelbetlik feyiller kelbetlikke wo`tip si'nli'q, sapali'q belgi ma`nisin bildiredi.

**Kelbetlik basqa so'z shaqaplarına wo'tedi (d**eadektivatsiya). Ayi'ri'm jag'daylarda sınlıq, sapalıq, t.b. belgilerdi bildiretug`i'n kelbetlikler atlıqqa, ra`wishke wo'tedi.

Kelbetlik zattın' qanday belgisin bildiriwine qaray bir neshe ma'nilik tu'rlerge bo'linedi: Ren'-tu`s bildiretug`i'n kelbetlikler; adamni'n`, haywanlardi'n` ha`m zatlardi'n` si'rtqi' ko`rinisin, ko`lem, salmaq belgilerin bildiretug`i'n kelbetlikler; da'mdi-mazani' bildiretug`i'n kelbetlikler; tazali'q-patasli'q belgini bildiretug`i'n kelbetlikler; hawa rayi'na, i'ssi'-suwi'qli'qqa baylani'sli' belgilerdi

bildiretug`i'n kelbetlikler: uli'wma − adam, haywan, zat ha`m t.b. ha`r qi'yli' ta`biyiy belgilerin bildiretug`i'n kelbetlikler; u``y haywanlari' menen jabayi' haywanlardi'n` minezi menen ha`reketine baylani'sli' belgilerdi bildiretug`i'n kelbetlikler; adamni'n` minez-quli'q belgilerin bildiretug`i'n kelbetlikler; hal-awhal belgisin bildiretug`i'n kelbetlikler; sapanı bildiretug`i'n kelbetlikler; worın ha`m waqıtli'q belgi ma`nisin bildiretug`i'n kelbetlikler; usaslıq, sheriklik ma'nisin bildiretug`i'n kelbetlikler; tu'birden an'latılg'an na'rsege iye yekenligin bildiretug`i'n kelbetlikler; tu'birden an'latılg'an na'rsenin' joqlıg'ın bildiretug'ın kelbetlikler sıyaqlı 14 ma`nilik tu`rleri bar.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik so`zler belgili bir da`rejelerge iye. Oni'n` da'reje ma'nisi kelbetliktin' da'reje formaları ja'rdeminde an'latıladı. Kelbetlikler to`rt da`rejege iye boladi':

1. Jay da`reje; 2. Pa`seytiw da`rejesi;

3. Artti'ri'w da`rejesi; 4. Sali'sti'ri'w da`rejesi.

Kelbetliktin` bul da`rejeleri bir-birinen formali'q jaqtan da, ma`nilik jaqtan da aji'rali'p turadi'.

**Jay da`reje** zatti'n` belgisin hesh qanday da`reje bildiriwshi qosi'mtalardi'n` ja`rdemisiz, dara turi'p, tu`bir so`z hali'nda bildiredi.**Pa`seytiw da`rejesi** zatti'n` ren`in, tu`r-tu`sin, si'ni'n, sapasi'n ha`m basqa da ha`r qi'yli' belgilerin pa`seytip ko`rsetedi. **- G`i'sh/-gish, -i's/-is, - g`i'lt , -shi'l/-shil**, -lti'm, **- ildir**, **- law/-lew** qosi'mtasi' (tiykar ha`mdo`rendi kelbetliklerge) jalg`ani'p, pa`seytiw da`rejesi jasaladi'.

**Artti'ri'w da`rejesi** zatti'n`, na`rsenin` sapali'q belgisinin` ekinshi bir zattag`i', na`rsedegi sonday belgiden arti'q yekenligin bildirip, yeki tu`rli jol menen jasaladi': 1. Sintetikali'q forma; 2. Analitikali'q forma. Artti'ri'w da`rejesinin` sintetikali'q formasi' ku`sheytiw ma`nisindegi birinshi buwi'nni'n` ja`rdeminde jasaladi'.

Artti'ri'w da`rejesinin` analitikali'q formasi' tilde yeki tu`rli jol menen jasaladi': 1. Sapali'q, geyde qatnasli'q kelbetliklerdin` aldi'nda ku`sheytiwshi ma`ni beretug`i'n yen`, ju`da`, ku`ta`, di'm, wog`ada, wog`i'ri', nayati'y, worasan

ha`m t.b. si'yaqli' ku`sheytiw ra`wishlerinin` dizbeklesip keliwi menen jasaladi'. 2. Kelbetlik so`zlerdin` ta`kirarlani'p keliwinen jasaladi'. 3. Ayi'ri'm turaqli' so`z dizbekleri artti'ri'w da`rejesinin` ma`nisin bildiredi.

**Sali'sti'ri'w da`rejesi** bir zatqa, na`rsege ta`n bolg`an belgini, sapani' yekinshi bir zatqa tiyisli bolg`an belgige, sapag`a sali'sti'ri'li'p ko`rsetip, - raq/ -rek, - i'raq/ -irek qosi'mtalari' arqali' yeki tu`rli jol arqali' jasaladi': 1. Bul qosi'mtalar sapali'q kelbetliklerge jalg`anadi'; 2. - Li'/-li, - si'z/-siz qosi'mtalari' menen jasalg`an qatnasli'q kelbetliklerge jalg`anadi'. Sonday-aq, beter ha`m bes beter so`zleri dara turi'p ha`m sali'sti'ri'w da`reje kelbetlikleri menen kelip sali'sti'ri'w da`rejesin jasaydi'.

Kelbetlik sintaksislik jaqtan ali'p qarag`anda so`z dizbeginin` komponenti ha`m ga`p ag`zasi' boli'p keledi. Kelbetlik ga`ptin` bas ag`zalari' − baslawi'sh ha`m bayanlawi'sh xi'zmetlerin atqaradi'. **Baslawi'sh** xi'zmetinde ko`binese, substantivlesedi. Wolar naqi'l-maqallarda wo`nimli ushi'rasadi'. Ga`pte ayti'lg`an woy-pikir iyesinin` belgisin bildirip, ga`ptin` aqi'ri'nda kelip **bayanlawi'sh** xi'zmetin atqaradi'.

Kelbetlik ga`ptin` yekinshi da`rejeli ag`zalari'ni'nan p**i'si'qlawi'sh** xi'zmetinde feyil bayanlawıshtın' aldında kelip, is-ha`rekettin` ha`r qi'yli' belgilerin, a**ni'qlawi'sh** xi'zmetinde zatti'n` ha`r qi'yli' belgilerin bildiredi ha`m ju`da` o`nimli qollani'ladi'. Substantivlesip **toli'qlawi'sh** xi'zmetin atqaradi'. Kelbetlik substantiblesip q**aratpa** xi'zmetinde de keledi.

Kelbetlikti woqıtıw qaraqalpaq tili metodikasi'ndag`i' a`hmiyetli ma`selelerdin` biri. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik wo`zine ta`n wo`zgesheliklerine, da`reje kategoriyasi'na iye so`z shaqabi', woni'n` sintaksislik xi'zmeti de ha`r qi'yli', sonli'qtan bul temani' tu`sindirgende woqi'ti'wshi'dan do`retiwshilik qatnas, sheberlik talap yetiledi.

Kelbetlik so`zlerdi wo`tkende mug`allim woni'n` barli'q leksika-semantikali'q ha`m leksika-grammatikali'q wo`zgesheliklerine, yen` si'patli' belgilerine tiykarg`i' di'qqatti' awdara biliwi tiyis. So`ytip, wol woqi'wshi'larg`a − kelbetlik so`zlerdi basqa so`z shaqaplari'nan aji'rata biliw; kelbetlikke ta`n

ayi’rmashi’li’qlardi’ basqa so`z shaqaplari’na ta`n belgilerden duri’s ayi’ra biliw; kelbetliktin` leksika-grammatikali’q wo`zgesheliklerin biliw; kelbetlik penen ra`wishtin` ayi’rmashi’li’g`i’n duri’s parqlaw; kelbetliktin` tu`rlerin biliw; kelbetliktin` jasali’wi’n biliw; kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetlerin u`yreniw ha`m t.b. si’yaqli’ teoriyali’q bilim menen ko`nlikpe payda yetiwi tiyis.

Woy-pikirdi ti’n`lawshi’g`a jetkeriwde kelbetliklerdin` a`hmiyetin sonday-aq, wog`an uqsas yamasa jaqi’n bolg`an atli’q, feyil, soni’n` ishinde, kelbetlik feyildi u`yreniwine, duri’s tu`siniwine tiykar jarati’wi’ za`ru`r.

Kelbetlik mekteptin` 5-klasi’nda u`yretilgende, tiykarg`i’ maqset − kelbetliktin` leksikali’q ma`nileri, morfologiyali’q wo`zgeshelikleri − jasali’wi’, da`rejeleri, sintaksislik xi’zmetleri boyi’nsha teoriyali’q bilim beriw ha`m a`meliy ko`nlikpe payda yetiwden, sonday-aq, woqi’wshi’lardi’n` kelbetlikti basqa so`z shaqaplari’nan − atli’q, sanli’q, feyil, a`sirese, kelbetlikke jaqi’n bolg`an kelbetlik feyil menen ra`wishten qi’ynalmastan ayi’ri’p biliwine tiykar jarati’w boli’p yesaplanadi’. Woqi’wshi’da kelbetliktin` si’n-si’mbat, ren`-tu`s, qa`siyet ha`m t.b. si’yaqli’ zatlardi’n` ha`r qi’yli’ si’nli’q, sapali’q belgilerin bildiriwi, wo`zine ta`n jasali’w usi’llari’ menen so`z jasawshi’ qosi’mtalardi’n` bolatug`i’ni’, ga`pte qanday da bir sintaksislik xi’zmet atqari’p keletug`i’nli’g`i’ boyi’nsha ko`nlikpe qa`liplestiriw za`ru`r.

Kelbetlikti woqi’ti’wda soraw-juwap, gu`rrin`, tu`sindiriw, leksika-grammatikali’q tallaw, analiz-sintez usi’li’, morfologiyali’q tallaw, shi’ni’g`i’w boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slar, sabaqli’q u`stinde islew, ko`rsetpelilik (keste, sxema, mi’sallar) t.b. sali’sti’rmali’li’q usi’llari’nan, sonday-aq, «soraw sizge», «aqi’li’y hu`jim», «klaster», «blits-sorawnamasi’», «romashka» ha`m t.b. si’yaqli’ ko`plegen interaktiv usi’llar menen shi’ni’g`i’wlardan paydalani’w jaqsi’ na`tiyje beredi.

**«Kelbetliktin` jasali’wi’»** temasi’n wo`tiwde woni’n` ha`r qi’yli’ usi’llar menen jasalatug`i’ni’n, sonday-aq, tek so`z jasawshi’ qosi’mtalar menen jasali’p qalmastan, so`zlerdin` bir-biri menen dizbeklesip yamasa ta`kirarlani’p bolmasa juplasi’p keliwi arqali’ da jasalatug`i’ni’n, bunda belgili bir so`z shaqaplari’

wo`nimli qatnasatug`i’ni’n mi’sallar menen ha`r qi’yli’ na`tiyjeli usi’llardan paydalani’p u`yretiw maqsetke muwapi’q boladi’.

**«Qospa kelbetlikler»** temasi’nda do`rendi kelbetlikten ayi’rmashi’li’g`i’n, qospa kelbetliktin` jasali’w usi’li’ boyi’nsha tu`rlerin − birikpegen qospa kelbetlikti ha`m jup kelbetlikti tapti’ri’p, wolardi’ bag`ana si’zi’p yeki jag`i’nan bo`lek ko`shirip jazdi’ri’wi’na boladi’. Bunda a`piwayi’, si’patli’ mi’sallar tan`law kerek.

**«Kelbetliktiktin` da`rejeleri»** temasi’nda mug`allim kelbetliktin` u`sh tu`rli da`rejege iye bolatug`i’ni’n ayti’p, tu`sindirip bergennen keyin ha`r bir da`rejenin` wo`zgesheligin tablitsada ko`rsetip beriwine boladi’. Ha`r bir da`rejenin` wo`zine ta`n wo`zgesheligin, wolardi’ jasawshi’ qosi’mtalardi’ mi’sallar menen ga`p ishinde keltirip tu`rli usi’llardi’n` ja`rdeminde do`retiwshilik penen tu`sindirse, woqi’wshi’ teoriyali’q bilim ha`m a`meliy ko`nlikpe ali’wg`a yerisedi. Bul mug`allimnin` miynetinin` tiykarg`i’ na`tiyjesi boli’p yesaplanadi’.

**«Kelbetliktin` sintaksislik xi’zmetleri»** temasi’n woqi’ti’w da yen` juwapkershilikli ma`selelerdin` biri. Mug`allim kelbetlikti woqi’tqanda woni’n` ga`p ag`zasi’ si’pati’nda ga`p ishinde kelgende atqaratug`i’n sintaksislik xi’zmetlerin u`yretedi. Woqi’wshi’ wo`z pikir, woylari’n yerkin du`ziwde ha`r bir so`z shaqabi’n ga`pte paydalani’wdi’ jaqsi’ biliwi tiyis. Bunda kelbetliktin` ga`ptegi bas ag`zalar ha`m yekinshi da`rejeli ag`zalardi’n` xi’zmetin atqari’wi’ndag`i’ wo`zgesheliklerdi isenimli, duri’s, a`piwayi’, balani’n` jas wo`zgesheligine sa`ykes mi’sallar menen jan`a pedagogikali’q texnologiya usi’llari’nan, ha`r qi’yli’ shi’ni’g`i’wlardan, woyi’nlardan, ko`rsetpeli qurallardan paydalani’p do`retiwshilik qatnas, pedagogikali’q sheberlik penen tu`sindirse sabaq wo`zinin` aldi’na qoyg`an maqsetene jetedi ha`m woqi’wshi’ temani’ teoriyali’q jaqtan da, a`meliy jaqtan da duri’s men`geredi.

## Paydalani’lg`an a`debiyatlar

1.Azizxojaeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik maxorat, Toshkent, 2006.

2.Aymurzaeva A`. Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik ha`m kelbet feyillerdin` substantivlesiwi. No`kis, «Bilim», 1992.

3. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazi’k (chasti rechi i slovoobrazovaniya). Moskva, 1952.

4. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinde so`zlerdin` jasali'wi'. No`kis, «Qaraqalpaqstan», 1979.

5.Berdimurat E, Pirniyazov K. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqi'ti'w metodikasi' No`kis, 1988.

6. Berdimuratov E., Dawletov A. Qaraqalpaq tili. 10-11-klasslar ushi'n sabaqli'q. No`kis, 2000.

7. G`ulomov A.K. Ona tilini wqitish printsiplari va metodlari, Toshkent, 1992.

8. G`ulomov A., Ne`matov I. Wzbek tilini wqitish metodikasi. Toshkent, 2001.

9. Da`wletov A., Da`wletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a'debiy tili. Morfemika. Morfonologiya. So`z jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. No`kis, 2010.

10. Embergenov U. Murtazaeva G. Qaraqalpaq tili sintaksisinin` ayi'ri'm temalari'n oqi'ti'w usi'llari'. No`kis, NMPI kishi baspaxanasi', 2012.

11. Embergenov U. Qaraqalpaq tilindegi ga`ptin` ekinshi da`rejeli ag`zalari'n oqi'ti'w usi'llari'. NMPI kishi baspaxanasi'. 2012.

12. Isabaev A. Qazaq tilin oqi'ti'u metodikasi'. Tashkent, 2003.

13. Qi'di'rbaev A. Qaraqalpaq til biliminin` geypara ma`seleleri. No`kis, 1977.

14. Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tilinin` morfemikasi'. No`kis, 2009.

15. Qutli'muratov B., Kenjebaeva T. Qaraqalpaq tili morfologiyasi'n oqi'ti'w usi'llari'. No`kis, «Bilim», 1996.

16. Ma`mbetnazarova G. I.Yusupov qosi'qlari'nda do`rendi atawi'shlardi'n` sttl`lik qollani'li'wi'. No`kis, 1994.

17. Nasi'rov D.S.Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil. 1964.

18. Paxratdinov Q., Seytnazarova I. Qaraqalpaq tilindegi so`z jasawshi' affiksler. No`kis, 2009.

19.Pirniyazova A. Qaraqalpaq tilindegi omonim affiksler. No`kis, 2012

20 Patullaeva G. Qaraqalpaq tilindegi so`zlerdin` morfemalıq qurılısı (oqıw qollanba). Tashkent, «Fan», 2007.

21. Pirniyazova A.Qaraqalpaq tilin pedagogikali'q texnologiya tiykari'nda oqi'ti'w. No`kis, NMPI kishi baspaxanasi'. 2009.

22. Pirniyazova A., Shi'nnazarova S. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili (leksikologiya) pa`nin oqi'ti'wda interaktiv usi'llardan paydalani'w. Tashkent, «Bayoz», 2014.

23.Twxliev va boshqalar Wzbek tilini wqitish. Toshkent, 2006.

24. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No`kis,1974.

25. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. No`kis,1981.

26.Yusupova B. I.Yusupov shi'g`armalari' tilinde kelbetliktin` stli`lik xi'zmetleri. Tashkent, «Tafakkur qanoti», 2014.

1.Azizxojaeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik maxorat, Toshkent, 2006.

2.Аймурзаева Ә. Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм келбет фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992.

3. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык (части речи и словообразования). Москва, 1952.

4. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

5.Бердимурат Е, Пирниязов К. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы Нөкис, 1988.

6. Бердимуратов Е., Даўлетов А. Қарақалпақ тили. 10-11-класслар ушын сабақлық. Нөкис, 2000.

7. Ғуломов А.К. Она тилини ўқитиш принциплари ва методлари, Тошкент, 1992.

8. Ғуломов А., Неъматов И. Ўзбек тилини ўқитиш методикаси. Тошкент, 2001.

9. Da`wletov A., Da`wletov M., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a'debiy tili. Morfemika. Morfonologiya. So`z jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. No`kis, 2010.

10. Ембергенов У. Муртазаева Г. Қарақалпақ тили синтаксисиниң айырым темаларын оқытыў усыллары. Нөкис, НМПИ киши баспаханасы, 2012.

11. Ембергенов У. Қарақалпақ тилиндеги гәптиң екинши дәрежели ағзаларын оқытыў усыллары. НМПИ киши баспаханасы. 2012.

12. Исабаев А. Қазақ тілін оқытыу методикасы. Ташкент, 2003.

13. Қыдырбаев А. Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, 1977.

14. Қудайбергенов М. Қарақалпақ тилиниң морфемикасы. Нөкис, 2009.

15. Қутлымуратов Б., Кенжебаева Т. Қарақалпақ тили морфологиясын оқытыў усыллары. Нөкис, «Билим», 1996.

16. Мәмбетназарова Г. И.Юсупов қосықларында дөренди атаўышлардың сттльлик қолланылыўы. Нөкис, 1994.

17. Насыров Д.С.Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. 1964.

18. Пахратдинов Қ., Сейтназарова И. Қарақалпақ тилиндеги сөз жасаўшы аффикслер. Нөкис, 2009.

19.Пирниязова А. Қарақалпақ тилиндеги омоним аффикслер. Нөкис, 2012

20 Patullaeva G. Qaraqalpaq tilindegi so`zlerdin` morfemalıq qurılısı (oqıw qollanba). Ташкент, «Фан», 2007

21. Пирниязова А.Қарақалпақ тилин педагогикалық технология тийкарында оқытыў. Нөкис, НМПИ киши баспаханасы. 2009.

22. Пирниязова А., Шынназарова С. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили (лексикология) пәнин оқытыўда интерактив усыллардан пайдаланыў. Ташкент, «Баёз», 2014.

23.Тўхлиев ва бошқалар Ўзбек тилини ўқитиш. Тошкент, 2006.

24. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1974.

25. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1981.

26.Юсупова Б. И.Юсупов шығармалары тилинде келбетликтиң стлиьлик хызметлери. Ташкент, «Тафаккур қаноти», 2014.